

# Laj Legliz Filadèlfia A

60-1210

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Yon frè te ale epi li te pote yon gwo tat seriz cho pou mwen. Mwen di ou, sa rapòte pou fè alizyon. Epi li di: "O, la la..." E sa, Frè Neville? Men li. Ou wè? Sanble tat seriz se manje mwen pi renmen. Li vrèman bon. Jis tankou mwen di sou lè w ap manje tat seriz, kounye a, pafwa ou jwenn yon gress. Bon, mwen pa—mwen pa jete tat la, mwen jis jete gress lan epi m kontinye manje tat seriz.

2 Se konsa mwen vle nou fè sou mesaj sa yo. Lè w ap kouri...Swiv mwen, lè w frape yon bagay ou pa ka—ou pa ka dijere Li jis kòrèkteman, franchman, ebyen, jis ... pa jete tout bagay la, jis jete pati sa a (gress lan), epi jis kontinye manje tat. Ebyen, yon fwa ou aprann. En-en.

3 Lè ou...Nou renmen poul, poul fri? Prèske tout moun. Ebyen, alò, lè w manje poul, ou rankontre ak zo a, ou pa jete poul la, ou jis jete zo a. Se pa vre, Pat? Ou jis jete zo a, ou kontinye manje poul.

4 Ebyen, nou kontan paske nou ka manje Manje ki pa gen yon zo oswa yon gress Ladann. Gato desann soti nan Syèl la, yo rele "Lamann," kouvri toupatou ak dousè Syèl la.

5 Ou konnen, mwen kwè se te David yon fwa ki te di: "Li gen menm gou ak siwo myèl ki sou wòch la." Mwen kwè powèt la te di: "Se te Siwo myèl sou Wòch la." O, frè mwen, èske ou te goute...wè...tankou...gou tankou siwo myèl sou wòch la. "Siwo myèl sou wòch la, frè mwen an." Se konsa li ye.

6 Kounye a, ou konnen, mwen—mwen te mande m yon fwa kisa sa vle di, "siwo myèl sou wòch la." E, mwen te panse: "Ebyen, se petèt yo te jwenn yon rich abèy yon fwa nan yon wòch." Men mwen fin arrive dekouvri sa li ye, mwen te gen yon ti enspirasyon sou sa. Mwen...Se pa nan moman sa a mwen t ap chèche l, men mwen te dekouvri ke chak nan bèje sa yo ki te gen mouton...Gen yon bagay sou sa, ou konnen, kò nou yo te soti nan pousyè tè a. Tout bét—tout bét vivan soti nan tè a. E men bèje sa yo, yo te kwè ke lacho te ede mouton yo lè li ta gen yon bagay ki mal ak li, ou konnen, malad, oswa yon lòt bagay. Yo te vle li niche wòch la. Ou wè mouton yo ki fè sa, al niche wòch la. Epi pou fè mouton yo niche wòch la, yo

ta vide kèk siwo myèl sou wòch la. Epi mouton yo ta ale niche siwo myèl la, e lè sa a li ta jwenn wòch la tou, ou wè, lè—lè li te niche siwo myèl la.

7 Ebyen, nou gen yon sak antye plen ak Siwo myèl isit la. Nou pral mete l sou Wòch la, pa sou nenpòt legliz; sou Wòch la, Kris Jezi. Epi noumenm mouton al niche kounye a, epi ou—ou—w ap—w ap asire w ke ou vin byen touswit. Tout pwoblèm peche yo pral disparèt lè ou niche—niche wòch la. Se tout sa ou dwe fè.

8 Yon bagay sou yon wòch ki gen gerizon sou li, gerizon. Nan jou ki pase yo, anvan yo te gen vaksen kont laraj, yo te konn gen sa yo te rele “wòch kont laraj” la. Lè yon chen ki gen laraj mòde yon moun, ebyen, yo ta mete l sou wòch kont laraj sa a. E kounye a, si wòch kont laraj la...Si l te kole sou wòch kont laraj la, li te geri; si l pa t kole, kifè ka malad la te two depase, li—li t ap mouri.

9 Se konsa sa ye jodi a. Mòde ki pi move ke mwen konnen an se pa yon chen ki gen laraj, men dyab la. Epi nou gen yon Wòch pou sa, Woche Dèzaj la. Jis akroche w a Li. Osi lontan ke ou akroche w, w ap geri. Epi pa janm lache ni tounen dèyè, jis kontinye kenbe. Kole sou Li, e—e ou va—ou va vin byen.

10 Kounye a, anvan nou antre nan lesion aswè nou an, e—e nou vle kanpe jis yon ti moman, si nou kapab, pou yon mo lapriyè.

11 Ou pa sè Robert Daugherty, pa vre? Isit la. Li te rele m yè, mwen kwè se te sa, e li te pale sou sijè ke li vle lapriyè. E mwen—mwen pa t konnen, ou sanble yon bagay tankou li, mwen pa t konnen si ou te li oswa non. Mwen te wè ou isit la yè swa.

12 Kounye a, konbyen moun ki vle yo sonje yo devan Bondye, oswa ki vle Bondye sonje ou, pito? Jis...

13 Papa nou ki nan Syèl la, kòm—kòm ti lidè chan nou an nan Chicago te konn chante, “Sonje m lè dlo ap koule desann,” Seyè, sonje mwen kounye a. Nan lè lanmò, nan...diran tout lavi a, nou vle Ou sonje nou, Seyè. Pa sonje nou antan ke pechè, tankou sa nou ye, men nou vle Ou sonje nou kòm Kretyen ki konfese; ke nou te aksepte Jezikri, Ptit Ou a, ak Sovè nou an, pou pa nou...pou Ou propisyasyon pou peche nou yo. Sa, nou konnen ke se sèl—sèl chans ke nou genyen, sèl wout, sèl mwayen delivrans lan. Se pa nan nenpòt legliz oswa nan nenpòt ki lòt aparèy mekanik, oswa nenpòt ki òganizasyon, men nan Jezikri, e Limenm sèl.

14 Se konsa nou apwoche nan Non Li aswè a, n ap mande ke Ou va beni nou pandan nou reyini ansanm pou etidye Pawòl Ou epi pou konnen kisa Ou gen pou nou an rezèv, pou aswè a. Pou nou ka bati kò espirityèl nou—nou yo nan yon Legliz vivan. Yon Legliz kote Ou ta ka

viv, epi mache ladann, e santi W alèz, antan W ap mache nan mitan pèp Ou a, W ap di nou sa pou nou fè, e Ou konnen ke nou ta fè li touswit.

15 E nou renmen Ou, Papa, men nou konnen nou poko byen nan kondisyon pou ke Ou ta ka pale nan nou jis jan Ou swete. Konsa nou lapriyè pou Ou sikonsi, sètadi, koupe tout foli sa a, tout chè ki anplis lwen nou aswè a, pou nou ka dedye nèt pou Ou, pou Ou ka sèvi ak nou nenpòt ki lè. Epi nou priye ke moman sa a kapab aswè a, Papa, ke Ou pral sèvi ak nou pou fè soti pepit sa yo nan Bib la epi poli yo koupe epi pèmèt pèp la wè refleksyon Kris la nan gran laj legliz sa a. Nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

16 Bon, nou te gen laj legliz yo kounye a, rive desann jouk laj legliz aswè a, se sisyèm laj legliz la. Demen swa fini laj legliz yo; nou pran youn chak swa, de lendi jiska dimanch. E aswè a, yo rele laj legliz la Laj Legliz Filadèlfia. E zetwal la oswa mesaje a—a, zanj-mesaje pou laj legliz la, nou kwè, solanèlman, ak tout kè nou, se dwe John Wesley. Laj legliz la te kòmanse an 1750 lè laj legliz Literyèn lan te fini, e li te dire jiska yon kote an 1900, alantou 1906 apre Jezikri, Laj Legliz Wesleyen an. Epi, soti nan sa, nan Lawodise.

17 E kounye a laj la se laj...laj legliz "lanmou fratènèl," gran laj "misyonè" ak laj "pòt ki louvri" a. Epi rekonzans lan se te yon—yon gwo poto, "vin yon gwo poto," ak revelasyon twa non: non Bondye, non Vil Bondye a, ak nouvo non Bondye a, se revelasyon ke yo te bay legliz sa a nan laj sa a. E kounye a, legliz la...Laj sa a kòmanse nan Apokalips 3: 7, desann nan vèsè 13 la, ak vèsè 13 la enkli ladann, Apokalips 3: 7 a 13.

18 Bon, nou t ap revize sa yo yon ti kras nan aswè, nan tounen dèyè. E premye laj legliz la, se te Laj Legliz Efèz la. Èske nenpòt moun ka di ki moun ki te zanj lan oswa Limyè a (minis) laj legliz sa a? Pòl. Laj Legliz Efèz la, 55 a 170 apre Jezikri. Rezon ki fè mwen chwazi 55, se lè sa a li te kòmanse vwayaj misyonè li, e se lè sa a li te fonde legliz Efèz la ak—ak diferan legliz yo la.

19 Oke, dezyèm laj legliz la se te Esmin. Èske nenpòt moun ka raple kisa zanj laj legliz sa a te ye, nenpòt moun nan klas la? Irene, se kòrèk. Oke, se te 170 a 312.

20 Twazyèm laj legliz la se te Laj Legliz Pègam lan. Èske nenpòt moun, nan klas la, ka raple ki moun ki te sen laj legliz sa a? Saint Martin, se kòrèk. Soti 312 a 606.

21 Epi pwochen laj legliz la se te Tiyati. Èske nenpòt moun ka sonje sen an ak mesaje a, zanj pou laj sa a? Colamban, se kòrèk. E sa se 606 a 515.

22 Pwochen an se te Laj Legliz Sad la, ki te yè swa. E nenpòt moun...natirèlman, ou konnen kisa zanj laj legliz sa a te ye. Nou sonje? Martin Luther. E pa I la se te 1520 a 1750.

23 E aswè a nou sou Laj Legliz Filadèlfia; ki se John Wesley, mesaje jou sa a. Soti depi 1750 a 1906 apre Jezikri, e se laj la "lanmou fratènèl la."

24 Kounye a nou wè ke chak laj legliz sa yo, laj legliz yo, eksprime karakteristik legliz sa a. Li—li di kisa legliz la te ye ak karaktè legliz la, karakteristik la, pito, legliz la.

25 Bon, yè swa se te Martin Luther. Mwen...nan sa yo, mwen se...Rezon ki fè m ap fè sa a epi ti mesye yo ap mete l sou kasèt...M ap etidye tout lajounen. Epi ou di: "Tout lajounen sou jis tikal istwa ou bay isit la?" Non. Pwen istorik yo pral ale nan liv la, ou wè. Sa a isit la, mwen...rezon ki fè m isi a, se pou m resevwa bagay sa yo sou enspirasyon ke m genyen antan m devan nou, kote nou rasanble ansanm pou nou jwenn pati enspirasyon an. Istwa a, mwen ka li sa nan liv la. Men se la m ap chèche enspirasyon an, epi nou pran l sou kasèt la. Alò nou resevwa la—la resevwa... Nan liv la, lè sa a, nou pral gen alafwa done istorik yo sou li epitou enspirasyon Sentespri a ban nou pandan ke nou ansanm isit la, nan lye selès sa yo nan Kris Jezi. E mwen kwè ke sa ta dwe fè yon ti kòmantè frapan sou laj legliz sa yo. E se pou Seyè a akòde benediksyon L a sa.

26 Kounye a, la...Yè swa, laj legliz la, la...antan ke Laj Legliz Sad la, se te reyèlman an Grèk yo te rele l, "sila ki chape a," men mwen kwè nan tradiksyon angle a se "mouri." Bon, se te alafwa yon legliz ki "mouri" ak "youn ki chape" paske se te legliz la ki te mouri anba rèy pap la an 1500 la a, oswa 1520, diran—diran gwo rèy pap la ke nou rele Laj Fènwa yo; kote Krisyanis la te nan pi ba nivo kote li te janm ye, oswa li p ap janm ye, menm nan Laj Legliz Lawodise a.

27 Koulye a, gen sepandan youn nan bagay ki pi frapan yo, kontinye kenbe nan tèt ou ke laj legliz sa yo kòmanse, e kèlkeswa sa ki nan sèl laj legliz sa a fè chimen l atravè chak laj legliz yo, epi chak nan laj legliz yo glisser antrer youn nan lòt. Si ou etidye istwa kòmilfo ak liv la, ou va wè sa.

28 Se tankou yon bann peryòd konsa, ki te kouche youn sou lòt. Epi yon laj legliz ap soti, e anj la ki rive nan mitan sa se pou ramne legliz a lafwa ke a yon moman done li te pèdi. Se sa l te toujou ye.

29 Gade Jid, dènye liv ki nan Bib la, gade jiskaske w tonbe sou Apokalips. Jid te di, "M te ekri — mwen te ekri nou pou te ka lite sensèman pou lafwa ki yonfwa te remèt a sen yo." Peryòd youn nan lòt sa a, ant apot yo e Revelasyon an kap vini, paske pifò apòt yo te mouri lè sa a. Ou wè, te fin mouri nèt. Youn ki te vivan nan tan sa a, Se te Sen Jan, diven an, ki se revelatè oswa ekriven an ki te resevwa Revelasyon nan men anj Seyè a pou ekri Liv Revelasyon an.

30 Kounye a, gade, yo rantre youn nan lòt. konsa kounye a ou ... M sipoze ke w te remake sa epi w te sezi l, lè n vin la a, jan m te mansyone l la. Kòman ke menm isit la nan-laj Sad la,

se te laj maryaj la. An reyalite, legliz la pat janm vrèman vin a legzistans konplètman jouk li rive nan Tiyayi, men li te marye nan Sad. E Sad vle di "Ou nan yon-yon maryaj."

31 Bon— kounye a si w remake li marye laa, e aprè glise nan laj la sa a la a. Epi ou remake Litè, yè swa, soti ak yon non "lanmò", yon non lanmò, e apre "youn ki chape." Gade, li te gen legliz ki mouri a ki te vinn de la a, e ti rès sak te chape yo nan rès ki te soti nan laj sa a la a.

32 Epi aswè a tandi ke n ap fini laj Filadèlfia, I ap mennen nan kòmansman laj Lawodise a.

33 Aprè sa demen swa lè I soti nan ... jis nan fen an, ou remake, anj lan parèt dirèkteman nan fen tan an (e jis nan fen tan an) pou reprimande legliz la paske I pèdi premye lanmou I ki jan I te elwaye I de Bondye menm jan ke yo te fè I la a atravè, laj yo. Epi, nan moman sa a, anlèvman an vin pran Legliz pou mennen n lakay li, Legliz la monte jis tan mesaj la. Kidonk, nap-nap apwoche laj sa a kounye a. Eske n sezi sa? Se byen. Ou wè? Se byen. Gade, jis nan moman anj legliz la (mesaje aj la) vin pou reprimande yo paske yo pèdi premye lanmou yo, mennen ... ap eseye mennen yo tounen.

34 Menm bagay mesaje a fè aswè a, anj mesaje a retounen pou reprimande yo (chak laj konsa) pou sa yo te fè. konsa, sa fè yon chevochman nan chak laj legliz yo, jis pase de yon peryòd a lòt konsa. Kòm si wa p monte yon mach, I ap anpile peryòd yo jan sa a, ap kontinye monte.

35 Koulye a, m gen jis yon ti kal istwa isit la sou mesaje pou aswè a, sou John Wesley. John Wesley te etwal laj la. E I te fèt nan jounen 17 jen, nan lane 1703, nan Epworth Rectory, Angletè. Li te kenyèm pitit pami diznèf timoun. John ak Susanna Wesley, ki se papa I ak manman I. Papa a, yon predikatè; manman, yon sen konsakre; byen ke avèk diznèf timoun pou okipe, li te jwenn ase tan pandan jounen ke I okipe pou anseye pitit li lesion biblik ak istwa biblik epi priye pou yo. Se sa ki te fè ti gason yo sa yo te ye a. Gran Ekriven chan an, Charles, frè I, ki te bay mond lan kèk chan ki pi enspire nou pat janm genyen.

36 John, yon asosye George Whitefield. John-John Wesley ak George-George Whitefield te reyèlman premye fondatè Metodis sa a ... oswa sanktifikasyon an.

37 John te konn leve byen bonè chak maten; pandan swasant an li te konn leve chak maten a katrè. Se youn nan bagay ki fè legliz tonbe. Li tee konn Leve chak maten a katrè, e preche a senk è di matin pandan senkant lane san manke. E pafwa li preche ant de a kat fwa pa jou. Moun Angletè di sa de li, "Li te kouri cheval kat mil senk san kilomèt angle chak ane, pou preche Levantil." Kat mil senk san kilomèt sou yon ... Sa a se kilomèt angle, ou konnen, yo pi long pase pa nou yo; pou preche Levantil la.

38 Anpil liv ki ... te ekri difamasyon sou li nan epòk li a, yo te konn bay manti sou li, ap pase l nan rizib. Men, yo te blyie yo depi lontan kounye a, menm bagay pou otè yo. Ou pa ka fè anyen kont yon pitit Bondye epi pou pa jwenn ak li, ou jis-ou jis ap goumen ak lè a. Bondye pral fè yo pase atravè sa, de tout fason.

39 Yo te rele l yon metodis paske li fè bagay yo ak metòd. Yo te di, "Nan tout vi l," ke, "li te preche plis pase karant mil mesaj." Panse a sa: karant mil mesaj. Tousuit apre l finn ale nan lane 1791, denominasyon Methodist lan te pran rasin li yo nan mond lan e l te kòmanse legliz Methodist la. Lè sa a, se sèten, Asbury ak anpil lòt te la nan moman an.

40 Kounye a, si nou remake, salitasyon a legliz sa a; kòm nou pral kòmanse kounye a ak vèsè 7 la, mesaje Philadelphia a. Vrè Legliz la nan—vre legliz ki nan legliz kap pwofese. Se te yon vrè Legliz ki nan pwofese . .... a anj legliz Filadèlfia a ekri ; ...

41 M te atire atansyon w sou peryòd ki antre lòt la, chak ladan yo, koulye a. Koulye a, ou pral rive la a, anj lan ... si wap pote atansyon a jan li parèt nan laj ...laj Methodist glise nan peryòd la, epi lap repann li yon ti kras ,sou Philadelphie ... oswa sou Laodice, laj Pannkotist la. Apre sa, demen swa, mesaje pentkotist la retounen pou reprimande sila yo pou tèt yo tonbe, jis jan laj sa a reprimande yo paske yo te tonbe nan tan Sad la (nan laj literyen ), chevochman peryòd la.

42 Lanmou fratènel. Se te yon gran aj misyonè ak misyon. Mond lan pa janm te wè tan an, li menm depase tan nou an kounye a, se, lè ke mond lan te janmen wè yon parèy epòk misyonè toupatou. Nan dènye a ... Oo, m ta di dènye san senkant ane sa yo, se te youn nan moman ki pi eksepsyonèl nan istwa lemonn ke misyonè yo te rantre nan tout pati mond lan avèk Levanjil la. Li te...

43 Otanke literalman - kòm literalman, jis ale, voye mesaj Levanjil la sou papye ak trak e liv elatriye, Levanjil la annotan ke l te ale nan tout nasyon anba syèl la, sa te fè lontan. Konsa, ou wè? Sa pwouve ke se pat de sa ke Jezi t ap pale a. Li pa janm di, "Ale nan tout mond lan epi fè lekòl biblik." Ni li pa t di, "Ale nan tout mond lan epi pase biblikasyon."

44 Bagay sa yo bon, men komisyon l te bay Legliz la se te: "Ale nan tout mond lan epi preche Levanjil la." Epi Levanjil la se pa Pawòl la an antye, men Li rann Pawòl la vivan. Ou wè? Paske Jezi te di, imedyatman, "siy sa yo pral swiv moun ki kwè." Ou konnen, Mak 16, dènye a- Dènye misyon l pou Legliz se te, "siy sa yo pral swiv sila yo ki kwè." Premye komisyon l pou Legliz la, nan Matye 10yèm chapit la, se te: "Geri malad, leve moun mouri, chase move lespri; menm jan w te resevwa pou gran mesi, bay pou gran mesi. " Epi dènye mesaj li pou

Legliz se te: "Ale nan tout mond lan epi preche Levanjil la bay tout kreyati. Moun ki kwè epi ki batize va sove, moun ki pa kwè va kondane, epi siy sa yo ap swiv moun ki kwè yo. "

45 Èske se pa etranj ke anpil koupe pati sa a la? "E" se yon konjonksyon ki mare fraz ou a ansanm, ou wè. Koulye a, Li te di, (Anpil nan minis yo pral di, "Ale preche Levanjil la.") "Moun ki kwè epi ki batize va sove, epi moun ki pa kwè va kondane, epi siy sa yo pral swiv yo. Ap swiv; moun ki kwè yo. Nan non m yo pral chase move lespri yo; y'a pale nan lòt lang. Si yo pran sèpan, oswa bwè yon bagay ki ka touye moun, li pap fè yo mal; si yo met men yo sou malad yo, yo va geri. " Siy Bondye vivan yo ap bouje nan mitan pèp la. Oo! Ki distans kounye a? Pou tout mond lan. Ou sezi l? Tout mond lan.

46 Alòs, Se pou sa lè m 'di ke mesaj pentkotist la ... ( Pa òganizasyon pentkotist lan kounye a.) Mesaj Pannkot la se sèlman vrè mesaj ki vin de Bondye. Koulye a, gade, Mak 16, si w ap li L la a. Dakò, jis la a Jezi te komisyone Legliz li a, "Ale nan tout mond lan; preche Levanjil la; siy sa yo: pale an lang, geri malad yo, fè mirak ... "Di I pral jouk ki bò? "Tout mond lan." konbyen? "Pou tout kreyati." Sa a se pou al jis nan fen fon an rive jis bò isit laa. "jouk nan konsomasyon an." Dakò. Siy sa yo dwe swiv jis legliz sa a? "Yo menm ki kwè a, nan tout mond lan. Tout mond lan, pou chak kreyati, siy sa yo va swiv yo. " Se sa a, "yo menm" ki kwè. Ki donk, se yon legliz pannkotist. Ou wè?

47 Koulye a, nou te pran nan laj sa a, isit la menm kote nou ye aswè a sou Filadèlfia, F- i -I, laj Legliz Filadèlfia. Nan laj sa a, evanjelize e I te fè misyon, nan tout mond lan okonplè ak literati.

48 Jezi di: "Lè levanjil sa va preche — levanjil sa va preche a tout mond lan an temwayaj mwen menm, apre sa se pral lafen an." Bon, apre, si se de sa li t ap pale a, gaye literati, voye misyonè ak lekti, ekriti, aritmètik, epi distribye trak epi fè moun bay lanmen epi kwè gen yon Bondye, si se tout sa li te ye, ebyen, lè vini L lan pase sa fè byen lontan. An-han. Konsa, sa montre ke Levanjil la ... Pòl te di, "Levanjil la pat vini an pawòl sèlman, men atravè manifestasyon pwuisans Sentespri a."

49 Alòs, lè Jezi te di, "Ale nan tout mond lan e preche Levanjil la," Li te di, "Ale nan tout mond lan epi fè demonstrasyon an!" Oo, m renmen sa. "Demontre pwuisans Levanjil la." W ap pran Pawòl la, Se sa I di, epi montre pèp la sa I di epi fè I manifeste devan yo. Oo, se fason sa a. Sa pwouve L.

50 Oo, lè gran Morris Reidhead , te kanpe la nan chanm mwen jou sa a, prezidan Misyon Soudan an, ki pi gwo nan mond lan; lè I te di, "Frè Branham, ou menm ki te yon Batis, ou ta dwe konn ki sa k verite a." M te di, "Bib la se verite a." Epi I, te di, "Bon ..." Li te di, "Ki sa

Pannkotist sa yo te genyen?" M te di, "Sentespri a." Ou wè? E konsa, li te di, "Oo, m te wè yo kraze mèb e choute tout bagay."

51 M te di "Wi! Sèl Bagay ki genyen, sèke noumenm mesye nou te rete annaryè epi izole tèt nou lwen de yo. " Yo te gen anpil vapè, yo ta fè wou a woule epi fè yon bagay, men yo te soufle souflèt, ou wè. M te di, "Si yo ta jis mete l isit la, yo ta gen siy, mèvey, ak mirak, ak tout bagay. Men, yo pa konn kisa pou fè avè li, fòk li te al yon kote, konsa yo jis-jis rele fè bri, epi fel eklate. "

52 Hmm, m ta pito eklate l , pase pou m kenbe l epi m pa gen okenn vapè pou eklate l. Ou pa ta fè l? Tankou vye zanmi sa a te abitye di l, "mwen ta pito pè yon ti sovaj ... m ta pito gen yon ti dife bwa ke pa gen dife ditou."

53 Pwoblèm nan jodi a, nap eseye pentire yon dife, yo di "Ou konnen, rekile lwen nan jou Lapannkòt la, yo te fè sa." Koulye a, kisa k gen de bon pou montre yon nonm ki jele (ki jele pou mourir) yon dife pentire? Li pap ede l nan anyen. Non. Ou te gen ... Li te fèt pou l gen dife a limenm. Epi si, si gen yon pwuisans Bondye ki te fè pentkotist yo travay pou Seyè a, epi fè zèv yo ak siy ke yo te fè; si w pa jis pentire foto a, men rann foto yon reyalite pou yo, yo pral jwenn menm eksperyans lan, menm delivrans lan, sele pwòp temwayaj yo jan yo te fè l la. Ou wè? Men, ou te dwe potel pou yo. Ou pat dwe metel pou yon lòt jenerasyon, men mennen l isit la laa.

54 Kounye a, nou jwenn laj lanmou fratènèl sa a se te yon gwo laj misyonè. Jezi te di, "Nan tout mond lan, e a tout kreyati, epi siy sa yo pral swiv."

55 Kounye a, jan ke nap chemine a travè listwa e atravè bib la, mwen vle mande w, eske se pa chak swa...? Nou li nan Bib la sa Jezi te di Jan ki ta pral rive, e bò la a menm nou te pran listwa epi pwouve ke l te rive. Jis egzakteman. E se rezon sa a ki fè m te pase yon bon tan ap chache—sou mesye sa yo pou wè ki kote sèvitè Bondye a te ye ki te fè mesaj sa a pase atravè, men l te la. Li te la, menm jan Bib la te di, kenbe mesaj la menm jan depi nan konmansman an, pa janm betize avè l.

56 Epi lè nou te wè Li te prèske elimine, e Li te rele menm laj sa a yon "laj ki mourir", fènwa, elatriye. Apre sa, jis yon ti priz limyè soti, epi yon ti fòs an plis, alafen, li te ale nan pannkotist (reyèl eksperyans) ankò egzakteman nan fen tan an; nan moman sa a, Lepouse la anleve, epi l met deyò; epi tribilasyon an retounen ankò, dakò, gran tribilasyon an kap deroule devan le mond antye.

57 Koulye a gen laj misyonè a, lanmou fratènèl, laj misyon yo. Kite m 'jis nonmen pou wou kèk nan gran mesye sa yo (ebyen, m te jis ekri non yo bò la a): John Wesley; George Whitfield

- ... Whitefield, li te ozanviron 1739; Charles G. Finney; Dwight Moody; William Carey, gran misyonè sa a ki te ale an End an 1773; David Livingstone, an Afrik di sid. Gade, tout moun sa yo, kèk gran mesye sa yo. Jis ... M te gen non anpil nan yo isit la, de granzòm ki te viv nan lanmou fratènèl sa a; Yo te, moun nwa , moun blan, moun mawon, moun jòn, tout mi te tonbe, epi mesye sa yo te ale nan chan misyonè yo. Lanmou fratènèl, tann yon men bay tout nasyon toupatou, epi I te louvri pou ke yo te kapab ale. Yon lòt laj pòt louvri , 'paske yo pa t' kapab ... Anvan sa yo pa t 'kapab fè ', pap la ak-ak papote Wòm nan elatriye te tèlman fèmen tout bagay jouk yo pat kapab ale. Men nan laj sa a pòt yo te louvri, 'paske L te di ke I te yon laj "pòt ki louvri".

58 Yo te louvri anpil pòt pandan laj sa a: pòt pou Levanjil la, pòt chan misyon yo, pòt pou tounen a Kris la, e tout bagay te louvri pandan laj sa a. Epi ou ka wè sa yo te fè, frè yo te reyèlman fè yon gwo travay.

59 Soti nan John Wesley, etwal apre Laj Sad la, apre sa li vin reveye yo de Laj Sad la, paske san senkant lane ke I pase nan pakèt gran chan misyonè sa yo (tankou okenn lòt epòk oswa laj anvan an) te kouvri tout tè a. Panse a sa. Chak nasyon anba syèl la tande Pawòl la. Li te bout anpil, anpil, anpil lane de sa, ou wè, men pa Levanjil la, jis Pawòl la, "Lèt la touye, men Lespri a bay lavi." Ou wè?

60 Lè mwen te kanpe nan Lafrik di sid, laba a sou platfòm lan jou sa a, e m te wè te gen dè milye fwa dè milye te rete la a, anpil Mizilman. Apre sa, m te rankontre yon misyonè Mizilman. Epi misyonè Mizilman sa a te di, "Oo, pou nanm presye sa a." Ebyen, nonm sa a te la a dè zane e dè zane, epi li te konvèti yon sèl Mizilman a Kris. Paske Mizilman yo te desann de Med-o-Pès, kòm Iwa yo pa chanje oswa I pa modifye; lè yo se yon Mizilman, yo se yon Mizilman pou tout tan.

61 Se konsa, yo te gen yon sèl nanm sa a ke frè a te pale a, li kanpe deyò nan lakou Pretoria, kapital Lafrik di sid. Sa te pase-nan pati ki lib la, eta lib la, eta Oranj la, nan Transvaal la.

62 Epi nou te pati de la, desann nan Capetown e Bloemfontein, epi pase pa wout sa a ; pou remonte pa Grahamstown, nan lès peyi Lond, e apre, nan ... tounen Johannesburg ankò apre nou fin kite Capetown , e remonte kòt la.

63 Oke, dènye vil nou te ale se te Durban, kote nou te rasanble pi fò nan endijèn yo, te gen san senkant oswa de san mil endijèn deyò a, anpil Mizilman, endijèn, nou te gen ... yo te gen ... sa te pran dè semèn atravè ... teren kous la, pi gwo pase Churchill Downs, dezyèm pi gwo nan mond lan; Lond te gen pi gwo a, Lafrik di sid, ak-ak Churchill Downs. Epi, yo te gen plizyè kloti paske yo te gen lagè ant tribi, e lapolis (de oswa twa san gad) kanpe la ap kondwi chak

nan tribi yo nan kloti yo konsa yo pap ka goumen youn ak lòt, epi dezame yo, ak javlo yo e assagais , elatriye ke yo pote. Yo kanpe sou teren an la a, youn ap gade lòt atravè kloti a, lagè ant tribi sa a. Chèf yo ... chaje yo ... youn moun ak yon gwo vantilatè ap vante yo konsa , ak rènn yo. Rènn Rhodezi a desann ak venn-sèt machin plen oswa yon tren oswa de gwo otobis plen ak moun ki vin de Rhodezi, pou asiste reyinyon an. Epi yon-yon tren espesyal te desann.

64 Seyè a t ap fè anpil gran bagay, gwo mèvèy ak anpil siy. E kisa nou te jwenn? Sidney Smith, majistra Durban; soti jou sa a, m te di, "Kilès zanmi sa a ... sa etikèt ki antoure koul la ye?" Yon nonm nwa , jan nou ta rele I bò isit la, ras nèg la. Se sa m te al preche la ba a. Epi anpil nan yo pa t gen anyen, pa men yon bagay, gason oswa fanm. Konsa, li te gen yon estati nan bra I, e I te gen yon ti etikèt nan kou I. M te di, " Kisa sa yo ye ... poukisa yo gen yon etikèt nan kou yo?" Li te di, "Yo se kretyen." M te di, "kretyen? Ak yon idòl nan men I? "

65 Li te di, "Oke, kounye a, Frè Branham, mwen ... li se yon Songhai," li te di, "M ka pale lang li a." Li te di, "Nou pral jis mennen I anwo a la a, epi wa pale avè I, rele I nenpòt bagay ou vle. Jis pale tankou w pral mande I nenpòt kesyon, m pral mande I apre sa, pou tounen di w sa I te di. "

66 Konsa M di: -Ki jan w ye, Toma? M te rele I 'Toma paske m te panse ke se te yon bon non ki te byen plase. Epi m te di-m te di, "Ki jan-ki jan w ye Toma?" Apre sa, li gade m '. E m te di, "Èske w se yon kretyen?" "Wi," li-li te yon kretyen.

67 Epi m te di ... Oo, se sèten, li pa t konnen m. Li pa t janm ... okenn e yo pa t janm wè nou anvan. Konsa, m te di, "Kisa wap fè ak idòl sa a?" Li di, "Oo, papa I potel I." Gade, li te-li te dye. Ou wè?

68 Epi m te di, "Èske ... papa w pote I." M te di, "Oke, se— pa yon rezon pou w pote I. Ou se yon kretyen, ou pa ta dwe pote I."

69 Li te di, "Oke, yon jou lyon an te kouri dèyè papa I ', epi li te fè yon ti dife epi li te fè yon priyè ke doktè sòsyè a te di I, sou idòl sa a, ke se idòl la ki fè lyon an ale." Bèt yo touye anpil nan yo la a. Epi li ...

70 Epi m te di, "Gade, se - se pa t 'lapriyè ke doktè sòsyè te di w la, se te dife a ki te fè lyon an ale." M te di, "lyon an pè dife." Epi, m te di, "Kòm yon kretyen, Thomas, ou pa ta dwe pote sa a. Ou pa ta dwe gen anyen pou wè avèk li. "

71 Epi li te di, "Oo, ebyen," li te di, "si Amoyah ..." Sa a se fòs invizib la, Bondye nou an ke nou pa wè. Amoyah vle di yon bagay, "yon fòs tankou van an." Li te di, "Si-si Amoyah echwe,

sa a pap echwe." Konsa, li ka pote tou lè de, "Si youn pa mache, lòt la ap mache." Koulye a, sa a se fòs Kretyente a. Uh-hum. Wi. Oo, o la la.

72 Men nan apremidi a, lè Sentespri a desann nan reyinyon an sou teren kous la epi kòmanse revele sekrè ki nan kè yo, apre ke m te pran Ekriti yo ...

73 Apeprè inèdtan, kote I vrèman te konn pran m kenz minit, paske yo te gen kenz entèprtèt diferan pou I te ka pase. Se konsa, mwen — mwen ta di konsa, "Jezikri, Pitit Bondye a"; e sa a di, "ah, bah, bah, bah, bah"; e saa limenm al konsa " gloo , gloo , gloo , gloo "; Epi apre, "um, um, um," kouwè sa; tout vle di "Jezi kri, Pitit Bondye a"; anpil entèprtèt. Epi m ta gen pou m ta note sa m te di yo

74 Lè sa a, lè I te retounen, m te di, "Koulye a, misyonè a te pale w de yon Jezi ki te vin sove." Ou te kapab wè yo ap gade youn lòt, ou konnen, diferan tribi yo, de wo an ba nan fason sa a. M te di, "Misyonè a te di w sa. Men, èske misyonè sa a ... Nan lekti Liv sa a, èske w te wè kote I te yon gran Gerisè e I te di ke I ta pral vil atravè laj yo nan pèp la jiskaske I vin ankò? Zèv ke m fè yo ou va fè yo tou.' Ou menm ki pat janm aksepte Kris kòm Sovè w, avèk etikèt sa yo, èske w ta renmen wè Jezi tounen isit la jodi a epi mache nan mitan pèp la epi fè menm bagay li te fè lè I te isit la sou tè a? "

75 Oo, yo tout, "Sèten!" Yo te vle wè sa, ou wè. Yo te vle sa.

76 M te di, "Alòs si I ta fè l, sèvi ak nou isit la pou fè menm bagay ke I te fè lè I te isit la?" "Oo, se sèten!" Ou wè, Mahometan ki chita la a.

77 Premye a... dezyèm moun sou platfòm lan se te yon fanm Mahometan. Sentespri a ap pale, m te di fanm lan mwenmenm, m te di, "Koulye a, ou konnen m pa konnen w, mwen pa menm ka pale lang ou a." Epi I admèt sa.

78 Li te gen pwen wouj la egzakteman nan mitan je I la a, ki vle di ke I te yon Mizilman otantik. Alò, m te di, "Oke, kounye a, pou geri w, m pa ka geri w." Men, m te di, "Èske w te konprann ... sa m te di apre midi a, Mesaj la?"

79 Epi li — li te reponn entèprtèt Mizilman an ke ... Li te yon Endyen, se sa I te ye. Li te di, "Wi, li te konprann li. Li te li Nouvo Testaman an." Oo, wi. Uh-hum.

80 Gade, yo kwè nan Bondye tou. Yo se desandan Abraram tou. Gade? Men, li te di ke I "te kwè nan Bondye," men, I "te kwè Mahomet te pwofèt li." Epi nou kwè ke Jezi te Pitit li. Ou wè? Konsa, li te di, Oo, li - li "te kwè nan Bondye."

81 E m te di, "Alòs, si w konn Ansyen Testaman e konn ki sa Bondye te ye nan mesye ki pase yo, nan laj ki te pase yo, apre sa, Jezi, sila ke nou rele 'Kris la,' te dwe Bondye-Pwofèt la. Li ... yo te touye l. Ou panse ke yo pa t, paske w te di li te monte sou yon chwal blan e l te galope ale. Se sa prêt ou yo te anseye w, ke, 'Li pat janm te mouri, kounye a. Epi, li te mouri de yon lanmò natirèl yon lòt kote, kèk lane pita. ''

82 M te di, "Ou kwè sa. Men Jezi sa a, chemen an ... selon Nouvo Testaman an, Li te mouri e l te leve ankò, epi li te voye Lespri l sou Legliz li a. " Koulye a, ou te sezi yo, ou wè. Se egzakteman sou sa ke Mizilman yo te defye Billy Graham, ou wè. Menm bagay, menm prensip.

83 M te di, "Bon si ... Mahomet pa janm fè nou tout okenn pwomès. Men, Jezi te fè n yon pwomès, ke menm zèv li te fè yo nou va fè yo tou. Bon, ou sonje L te di nan Jan 5:19, 'M pap fè anyen jiskaske Papa a montre m li. "M te di,"Bon, si Jezi ta vin montre m' ki pwoblèm ou oswa pou kisa ou isit la, di w ki rezulta w te genyen, ki sa pase w te ye, e ki sa lavni w pral ye, epi si l ka di w ki sa lavni w ... kisa pase w te ye, siman ou pral kwè kisa lavni w pral ye. " Li te di, "Sa a se vre." atravè entèprèt la, ou wè. Apre sa, m te di, "Oke, pèmèt ke L fè l."

84 Epi tout Mizilman sa yo jis leve, ap siveye, ou konnen. Men, lè Sentespri te di, "Mari w, you nonm kout, gwo pòtray, ak yon moustach nwa. Ou te kay yon doktè, sa gen anviwon twa jou. " Li te di, "Ou gen de timoun. Li fè yon egzamen fanm pou ou, li te di, 'Ou te gen yon kis nan vant.' "Li gad anba, bese tèt li, li di," Sa a se verite.

85 Apre sa, m te di, "Koulye a, si w li Nouvo Testaman an, se menm jan Jezikri ki te di fanm lan nan pwui a?" "Sa se vre."

86 Epi m te di, "Oke, poukisa ou vin jwenn mwen ki se yon kretyen? Poukisa ou pa t al jwenn pwofèt Mizilman w la? " Li te di, "M panse ke w ka ede m."

87 Epi M te di, "M pa ka ede w. Men si w ta aksepte Jezi sa a ki isit la kounye a, ki konn vi w e konn tout bagay sou ou, li va ede w. " Li te di, "M aksepte Jezi kòm Sovè m."

88 Sa a te fè l. Se te sa. Di mil mizilman vin a Kris apremidi sa a. Ou wè? Anviron trant ane nan chan misyonè, epi l mennen yon sèl ak literati; kote, nan lespas senk minit, dis mil vini pa levanjil la ki fè l manifeste.

89 Bondye pa janm di n bati legliz, pa t janm te di n fè lekòl. Tout sa yo bon. Lopital yo e latriyea, Bondye konnen ke n bezwen yo, se pwogram li; men komisyon Legliz la se "preche levanjil la!" Men, nou pase trak, literati ki vinn de Asbury, bèl ti kote sa a anwo kote isit la ki

se ... Bondye beni moun, sa yo, ti kolèj Methodis isit I bò isit la nan Wilmore, nan Kentucky, se youn nan pi bèl, espirityèl, ti kote nan mond lan, M kwè, nan moman sa a. Yo se bon moun.

90 Epi m ta pral de ... M blye ... Se te Rodezi, men m pa konn non vil la. Billy, ou ka raple w li? [Billy Paul di, "Salisbury." - Ed.] Salisbury, se vre, New Salisbury. (Li se memwa m.) New Salisbury, nan Rodezi. Apre sa, nou tap kite Rodezi epi m wè yon paspò Ameriken lè nou tap monte avyon an, yon ti jenn gason ak twa ti jenn fi. Epi, M di ... mache sou yo, m di, "Bonjou." M di, "Mwen wè ou gen yon paspò Ameriken." Li di, "Ou pale angle." Mwen di, "Wi," Mwen di, "Mwen-mwen se yon Ameriken." Li di, "Oke, se byen sa." M di, "Èske w ap vwayaje." Li di, "Non, nou se misyonè." M di, "Oo, ala sa bèl!" M di, "M vrèman kontan rankontre w." Epi mwen di, "Ki kote w soti? Ki legliz, oswa èske w avèk yon òganizasyon, oswa jis volontè?" Li di, "Non, nou se metodis. Nou soti Wilmore, nan Kentucky. " M di, "Se nan lakou lakay mwen prèske, se lakay." M di ... Li di, "Eske se pa ta oumenm ki Frè Branham nan bò isit la?"

91 M di, "Wi, mesye. Se vre. " Epi sa-sa te geri I la menm. Ou wè. Li pa t vle di pi plis. Apre sa, mwen-mwen wè atitud li te pran, M gade ti jenn fi yo, yo gade youn lòt fason sa a. M di, "Jis yon ti moman, ptit gason m." Li pa t anyen lòt ke yon jenn gason. Epi m di ... e ti jenn fi yo. Apre m di, "M ta renmen pale ak nou tout jis yon minit sou prensip yo antan ke kretyen, ke nou tout ye, epi nou isit la pou menm gwo kòz la. Mwen vle mande nou twa jenn fi sa yo ak noumenm jenn gason yo, 'Èske n ka nan non Seyè Jezi a ...' Ou te di ke n te isit la sa fè de lane. 'Èske w ka met dwèt ou sou yon sèl nanm ke ou te genyen pou Seyè a? Yon sèl nanm? "Yo pa t' kapab fè li. Pa yon sèl nanm.

92 M di, "M pa vle blese santiman w, ditou." Apre sa, m di, "Mwen apresye sa wap fè a, men nou menm ti jenn fi yo nou ta dwe lakay ap ede manman nou ak asyèt yo. Se egzakteman vre. Ou pa gen okenn zafè isit la. Se egzakteman sa. "

93 Epi pèsonn pa gen zafè pou al nan misyon sof si yo te resevwa Sentespri a epi ap preche pwuisans manifestasyon, 'paske se sèl bagay ki pral-ki pral fè moun sa yo bouje. Epi gade ki soulèvman ou te jwenn kounye e tout bagay sa yo, se paske yo pat preche yo vrè levanjil la. Yo te ba yo I nan fòm pawòl. Oke, gad kisa ke I ye? Sa a kontinyasyon ak - ak "sila ki te chape yo" nan laj Litè a, kote li bay mond lan laprès gratis, se vre, oswa Bib la gratis.

94 Bon, kounye a aj la, gran aj la. Bon, annou kòmanse kounye a, mwen kwè nou lan...Sa se te salitasyon an, setyèm vèsè a. Al...

*...pou...Filadèlfia ekri; sila ki sen an, sila ki vrè a, sila*

*ki gen kle David la, sila ki ka louvri, e pèsonn pa ka fèmen an; epi ki ka fèmen, e pèsonn  
paka louvri a; di Bagay sa yo;*

95 Se tout on deklarasyon! Se pa vre? Mwen--mwen va retounen sou sa jis nan yon minit, paske li--li aplike pi lwen nan Ekriti sa la.

*Mwen konn zèv ou yo: men ni, Mwen plase devan*

*w yon pòt tou louvri, e pèsonn paka fèmen l: ou apèn gen yon ti fòs e ou te gade pawòl mwen, e ou pat renye non mwen.*

96 Bon, kounye a obsève tan an--an k ap rive kounye a, apre gwo mouvman misyonè ki te baleye nasyon yo toupatou, ak lanmou fratènèl, pou te pran sa yo te genyen an. Anyen kont sa, literati ak kèlkeswa bagay an plis la, nan diferant pati, nan mond lan. Bon, legliz denominasyon te pati ankò retounen nan zèv edikasyon. Ou wè, retounen dèyè.

97 Apre ke gwo denominasyon an te fin tabli, Jezi te kite yon “pòt louvri” Apre aj Wesleyen an te fin antre e legliz Metodis te fin etabli sou tè a, te fin pran rasin, ap grandi, te vin yon gwo legliz ke li toujou ye jodi a, youn nan pi gwo, pam legliz Pwotestan yo, e lè sa, bagay ki te rive apre sa, se te, Jezi ki te plase yon “pòt tou louvri” pou legliz anvan yo te antre nan laj Lawodise.

98 Rezon kifè m ap di sa fason sa, se pou w ka wè sa ke m vle di pa chevoche. Ou wè? Sa vin de aj misyonè pòt la. Men, ou wè, Li te gen--Li te di yo ke L te gen kle David la elatriye. Men isi a Li te di ke Li te etabli devan legliz kounye a; apre aj ki t ap fè misyon sa, ak Whitefield, ak--ak tout lòt sa yo, ak Finney, Sankey, Moody ap desann (Moody ki te youn nan dènye yo.) rive jiska kounye a Li te tabli yon pòt tou louvri devan legliz. O, men kote ou dwe siveye kounye a. Se jis ant laj Filadèlfia ak laj Lawodise, chevochman.

99 Jezi se Pòt la! Bon, si w vle vin avè m nan Jan 10:17. Ann kore sa kounye a, fè sèten ke...Anpil lan nou ta ka kwè. E apre sa yon moun te ka di: “Ebyen mwen--mwen pat janm...Li fèk di sa.” M jis ta renmen li I. Jan, diyèm chapit la, e disetyèm vèsè a. Jan 10:17. Dakò, nou li Pawòl sa yo. Eksize m, Jan 10:7, pa 17.

*Alò Jezi te di yo...An verite, an verite, Mwen di w,*

*Mwen se pòt bèjeri a*

100 Sa se retounen nan benediksyon an. Kijan nou antre nan Kris? Kisa Li ye? Bèjeri a. Mwen te souvan ap mande m konsènan sa, “Kijan? Èske L te ka yon Pòt, antan ke yon nonm?” Bon, laba nan--nan peyi oryan yo la, mwen te dekouvre sa yon jou kan m te remake ke bèje a, le swa, li fè tout brebi yo antre anndan anklo a, pou fè yo pase pa yon pòt. E apre sa lè li te fin fè yo tout antre la, li konte yo tout pou wè si yo tout antre. Alò li lonje kò I nan pòt la, limenm. Anyen paka antre vin jwenn brebi a, oswa okenn brebi paka soti, san I pa travèse I. Kifè Jezi se Pòt la, ou wè, ki mennen lan bèjeri a.

101 E mwen t ap woule yon ti djip Anglè, e m te di zanmi an, m te di: "Sa yo se..." Bèje yo te desann atravè vil la, e yon souflèt te soufle, e tout moun te peze fren, e m te panse: "Kisa k genyen?" E se te yon bèje ki t ap travèse vil la avèk brebi l.

102 Bon, laba an Oryan, se pa tankou isi a. Yo ekspoze tout byen yo deyò--deyò sou kote sou tout longè kay nan mache yo. E ou jwenn pòm ak pwar, ak tout sòt de fwi, rezen jis anpile byen bèl, anpile sou tout longè sou yon treto tankou sa, desann nèt ale. E chak vandè yo kanpe la ap eseye atire w pou w ka achte kèk nan fwi l yo ak lòt bagay.

103 Ebyen, bèje sa, li te kòmanse ap desann nan ri prensipal sa. M te di: "Frè, men ni lòbèy pral pete, m ap kanpe pou m ka wè sa."

104 E frè a ki te avè m lan te di: "Ou pral gen sipriz, Frè Branham. Obsève." Tout bagay te stope. Bèje a t ap mache sou tout longè a, pa menm fè atansyon, chak brebi t ap swiv li egzakteman. Ap swiv li! Si l te fè yon eka konsa pou l te vire tounen, chak...brebi ki jis dèyè l la te fè yon eka, sa k vin apre a te swiv li, sa apre a te swiv li, drèt nan kwen an e l te pran tounan sa.

105 O, se konsa nou swiv Bèje a! Se vre. Ap ale desann tou dwat nan mitan lari sa pou jwenn yon bagay anba nan lòt bout la, e brebi yo ap swiv li jis tankou yon ti chyen. Yo ka gade epi gade byen sa yo ankò, men yo t ap swiv bèje a. O, m renmen sa! Ou wè. M te di: "O, frè, m te swete ke m te kapab pale lang sa, mwen t ap preche drèt la." Men ni. Ya, li--li pat vire ni adwat ni agoch, men li te rete drèt dèyè bèje a.

106 Se sa ke Legliz te fè sou tout chemen an ap desann, rete dèyè Bèje a, Sentespri a ki ap gide nou nan Lavi Etènèl; pa ap vire tounen paske sa se yon gwo bèl legliz, e sa gen *tèl-e-tèl* kantite doktè ak *sesi-sela* konsa, men rete drèt dèyè Bèje a. Kèlkeswa kote Bèje a ale, brebi a swiv, "Brebi M yo konnen Vwa Mwen, e yo pap swiv yon etranje." Se vre. Li...Bèje sa konn fè bè ak tout lòt bagay ki pou fè brebi sa yo byen konpòte yo.

107 Apre sa kan nou te kite vil la, se te yon bagay ekstraòdinè, m te wè yon--yon chan laba epi kèk moun te lonje toutotou, yo te gen bourik, bèf, kochon, brebi, ak bouk kabrit, epi tout bagay deyò a la. E m te di: "Ebyen, ki mesye sa yo deyò a la?"

Li te di: "Bèje."

E m te di: "Yon bèje k ap gade Bourik?"

E l te reponn: "Wi, mesye."

Ebyen, m te di: "M--M te panse ke yon bèje jis te vle

di brebi.”

108 Li te di: “Non. *Bèje* se yon ‘gadò, gadyen.’ E laba nan peyi w yo rele yo ‘cowboys’ ak--ak bagay konsa.”

M te di: “O, m konprann, yon *bèje* se yon gadò.”

“Wi.”

“L ap siveye twoupo a.”

109 “Se vre.” Li te di: “Bagay etranj lan se lannwit, kote w...sa frapan. Si w se yon minis, ebyen, m ka di w kichòy.” Li te di: “Kan I fè nwit...Se vre li se pastè yo tout nèt, ap gide yo toutotou epi ede yo pou asire I ke yo gen bon bagay pandan lajounen. Men kan li fè nwit...tout-tout milèt, bourik ak--ak chamo, e kèlkeswa sa I genyen an, yo rete deyò a nan chan an. Men li rasanble brebi yo e li te fè yo antre nan anklo.”

110 “O,” M te di: “Seyè, fè m vin yon brebi, pe enpòt sa W va fè a!” Ou wè? Paske lè lannwit va rive, mwen vle antre nan bèjeri a. Antre pase pa Pòt la, vini pa Pòt la. Jan 17:7 la, ou pito--ou pito Li te di: “Se sa M ye...” 10:7 pito, Li te di: “Mwen se Pòt bèjeri a. Tout sa ki te janm vini anvan Mwen se brigan ak volè, men brebi a pat tande yo. Mwen se Pòt la, si yon moun antre an pasan pa Mwen, li va sove, e li va antre soti pou jwenn patiraj.”

111 “Bon, mwen plase devan legliz sa, ant laj Filadèlfia e laj Lawodise, yon pòt tou louvri.” O, èske w sezi I kounye a? Epi rantre chapo refleksyon w byen sere? Tande kounye a, sa a vrèman bon. M ap di w, se Myèl sou Wòch, jis ap rale bijou yo soti pou poli yo. “Mwen se Pòt bèjeri a!” Ki Pòt sa ki te plase la, kounye a?

112 Ann retounen dèyè nan panse nou. E apati de gwo aj misyonè Metodis sa, ki te baleye peyi a avèk mesaj sanktifikasyon an. Litè atravè jistifikasyon. Wesle te vini avèk mesaj sanktifikasyon an. E alafen aj Metodis la, nan fen an, kan sa te fin pran rasin epi te kòmanse vin yon gwo òganizasyon. E kan tout legliz...

113 Tande kounye a, sa fò. Men mwen vle yon moun montre m ki kote dapre dekouvèt istwa. Bondye te janm relve yon legliz, ki te vini nan fason Pannkot la san okenn òganizasyon; epi osito ke I te òganize, te mouri pou I pat janm relve ankò. O, zafè vin manm lan t ap kontinye, men yo pat janm gen yon revèy. Revèy Litè a pat janm retounen, revèy Metodis la non plis, pat janm retounen, e revèy Pannkotis la tou pap janm relve. Non mesye. Yo te òganize I, se sa Bondye te di nan aj legliz yo, Li “rayi bagay sa,” doktrin Nikolayit yo.

114 Bon, sonje, nou pap pale kont pèsonn. Moun de byen yo toupatou. Brebi Bondye yo nan tout plas sa yo deyò a la. Sa se verite. Se vre. Metodis, Batis, kèlkeswa sa yo ye a, yo se pèp Bondye a si yo ne-de-nouvo ak Lespri Bondye. Yo se pèp Bondye, men òganizasyon te kantone yo. E yo t ap pwonmennen de Metodis a Batis a Campbelit elatriye, jiskaske lèt rekòmandasyon yo--yo te abimen afòs yo te konn ap pwonmennen avè yo de yon plas a yon lòt.

115 Dakò, se pa yon ti bagay Seyè a te di kounye a, nan fen aj sa, "Mwen se Pòt bèjeri a." Bon, ki pòt ki te louvri konsènan Jezi, jis ant de aj sa yo? 1906, konsènan lè aj Metodis la ak--ak--ak Dwight Moody ak lòt yo t ap efase kite sèn lan, te gen yon pèse ki te fèt konsènan moun ki t ap resevwa Sentespri a, ki t ap pale an lang ak dè bagay ki te retounen nan legliz. Se apeprè sa, apeprè 1906, konsa la.

116 Dakò, kisa k te rive apre sa? Apre ke sa te kòmanse parèt, premye bagay ou jwenn, yo te òganize ansyen Konsil Jeneral la ki te vanse, ke yo rele kounye a Asanble de Dye. Ou wè, apati de legliz sa sa te antre youn nan lòt. E kisa k te rive answit? Li te plase on pòt, yon "pòt tou louvri."

117 Bon ann jis li l kounye a, sezi l mo pou mo jis jan Li te bay li a. Ou wè, "Men ni..." Ann gade:

*...pèsonn ka fèmen*

*...plase devan w yon pòt tou louvri,...*

118 Se lòt kote a:

*Mwen konn zèv ou yo: Men ni, mwen plase devan*

*w yon pòt tou louvri, e pèsonn pa ka fèmen l:...*

119 "Yon pòt tou louvri." Kisa sa te ye? Se te revelasyon Divinite siprèm Jezikri: pa antan ke dezyèm pèsonn yon trinite, men antan ke Bondye Limenm ki te fè L chè e ki te abite pamí nou. E revelasyon an...

120 Bon, si nou remake, jis yon minit, ann jis li on tijan pi lwen:

*...fèmen l:...gen yon tikras fòs,...e ou pat renye non*

*M.*

121 Se premye fwa Non an te mansyone depi trè lontan nan aj pase sa *la*, yo te pèdi Non an; e Litè te soti ak yon non tankou l te vivan, menm si l te *mouri* (Se vre?), "Pè, Fis Sentespri."

Men ni ki te soti ankò Non Jezi a, ant de aj sa yo *la*. Ant, “pòt tou louvri” a. Bon, se yon revelasyon: sa L te ye, Divinite a, revelasyon Divinite Li.

122 Bon, se sa Li te revele nan premye aj legliz la menm. Bon siveye. Pandan Jan te wè l kanpe, sèt chandelye annò yo, e Li te kanpe ak men L soti. Men premye chandelye a, dezyèm, twazyèm, katriyèm, senkyèm, sisyèm, setyèm, ak men L soti sou fòm kwa a. Li te di: “Mwen se Alfa e Omega.” Nan lòt mo, “Mwen va siprèm nan premye a, Mwen va siprèm nan dènye a.” Limyè leve nan Lès epi kouche nan Lwès. Se te yon tan sonb e tèrib, men “Va gen Limyè o tan di swa.” Menm pwisans Levanjil ki te resisite isi a sou yon kote a Lès, t ap briye epi kounye a sou lòt kote a Lwès, “Alfa e Omega, Mwen se A e Mwen se Z.” Nan men Li! Ou sezi l?

123 Bon, kisa L te fè nan premye chapit Apokalips *la*? Li te revele Divinite siprèm Li bay premye legliz *la*, Efèz. Èske se vre? Ebyen, kounye a remake. Yo chak nan legliz sa yo ap desann an pasa pa isi a, Li te revele Tèt Li nan Divinite sèlman sou fòm glorifye Li; men nan dènye sa, Li te vin Z, te retounen a lorijin o kòmansman ankò. Ou wè, “Premye ak dènye a.” Premye aj *la*, kounye a dènye aj *la*, paske Li te di: “Mwen se premye e dènye a.” E...

124 Men ou va di: “Ebyen, kijan sa te rive?” Ki zanmi ki te avanse ak sa? Se te yon revelasyon! Anpil lan nou la te resevwa *l*, paske Li en-...M pral di yon bagay kounye a. Gade! Legliz Li a okonplè te bati sou revelasyon Divin Pwòp Tèt Li. Se vre? Si w pa kwè sa, ann ale nan Matye 16:18, ou va wè jis yon minit ke tout revelasyon an te bati sou Pwòp Tèt Li. Legliz Li okonplè bati sou revelasyon Pwòp Tèt Li. Kounye a annou kòmanse la nan...Ann kòmanse...ann, apeprè vèsè 14 *la*:

*Apre sa yo di, Genyen ki di...ou se Jan Batis:...*

Kesyon an--an se te, Jezi te di:

*...nan kontre Seza Filip, e L te mande disip li yo, li*

*te di, Kilès, lèzòm di...Mwen Fis de lòm lan m ye?*

vèsè 13 *la*, e se 16:13 kounye a.

*E yo te di,...*

125 Kounye a obsève, men premye kote Jezi te janm pale a legliz, e...la nan Apokalips ki te dènye a.

*E li te di, Genyen ki di...ou se Jan Batis: genyen*

*pou yo, ou se Eli; gen lòt, Jeremi, ou lòt... e--e oswa  
youn nan pwofèt yo.*

*Li te reponn yo--yo (tout gwoup la, an antye), Men  
nou menm kimoun nou di ki Mwen ye?*

*E Simon Pyè te reponn pou di, Ou se Kris la, Ptit  
Bondye vivan an. (O, la la!)*

*E Jezi te reponn pou di I, ou beni, Simon--Simon  
Ptit-Jonas:...se pa chè ak san ki te revele w sa,  
men se Papa M ki nan syèl la.*

126 O, la la! "Ou pat janm jwenn sa nan yon seminè. Pat gen lòt fason ou t ap janm jwenn sa, Simon, ptit Jonas; sèl fason ou te jwenn li, se te pa yon revelasyon espirityèl ki te revele a ou menm soti nan Syèl la ke Mwen se Sila." Jezi te di: "Si nou pa kwè ke Mwen se Sila, nou va mouri nan peche nou. Mwen se Sila!"

*...E Mwen di...w,... ou se Pyè,...sou wòch sa Mwen va bati Legliz mwen; e pòt lanfè paka konbat kont sa.*

127 Kisa L ye? Espirityèl! Espirityèl! Verite espirityèl la! Pawòl Seyè a!

128 Bon, nou jwwenn nan gwo revelasyon sa ke Bondye te bay Legliz la, nan dènye jou yo, ke Bondye te voye epi revele Pwòp Tèt Li kòm "pòt louvri" a ant de aj yo. Se pat nan aj Lawodise a--a, se pat non pli nan lòt aj sa (aj Filadèlfia), men se te ant lè de (youn nan lòt) paske se...m pral pwouve Ijis pi lwen nan yon ti tan, e ou va sezi I, ou wè. Nou va rann li rich, konsa nou sèten ke nou pap kab manke wè Li, si w jis vle wè L, ou konprann, Dakò.

129 Bon, revelasyon Pwòp Tèt Li a se kote Li te bati Legliz Li a. Konbyen moun ki konnen ke sa se vre, kounye a? Li te bati Legliz Li sou revelasyon Pwòp Tèt Li. Dakò. Bon kisa L te di? "Pèsonn paka fèmen !!"

*Mwen konn zèv ou yo: men ni, mwen plase yon pòt  
tou louvri devan w,...*

130 Kisa ki "pòt tou louvri" a? Revelasyon Divinite siprèm Jezikri! Kisa L te di premye Legliz Li laba a la, laba nan aj sa? Li te di: "Mwen se Sila ki te ye a, ki la a, e ki va vini an! Mwen se

premye epi dènye! Mwen se Toupwisan an!” Li te di l twa diferant fwa, te fè Pwòp Tèl Li Divinite pou premye legliz la isit la; anvan L te ale nan dènye aj legliz la. Li te di: “Mwen plase yon pòt louvri devan w.” Si w vle wè Revelasyon an, men Ni, kote Li ta pral bati Legliz Li. E sèl fason Li te ka pran Legliz Li, se fè l tounen jwenn revelasyon kisa Li ye . An verite!

131 Gade! Kan Abraham te fè yon alyans, ou pito Bondye te fè yon alyans avèk Abraham, jou sa kote li te mande: “Kijan bagay sa yo pral rive, lè w gade jan m aje a? E sèl eritye mwen se-se sèvitè Damas sa ke m gen la, Elyezè.” Li te kontinye: “Mwen aje, e Ou te pwomèt mwen yon timoun. Kijan W pral fè sa? Kijan sa pral fèt?”

132 E sonje li t al dòmi, yon pwofon somèy te tonbe sou li menm jan pou chak òm; lanmò. E apre sa li te remake, yon lafimen dife founèz te pase devan l; chak pechè merite al nan lanfè. Li te touye yon animal (yon jenis), yon femèl bouk kabrit e yon belye, yon toutrèl ak on pijon. Li pat janm koupe an mòso toutrèl la ak pijon an. E apre sa ti Limyè blanch sa te al devan la, epi te retounen ap fè va-e-vyen pamí moso bèt ki te koupe yo, pou te konfime alyans lan avèk Abraham.

133 Bon, o Japon, si sa bay ke gen yon Japonè isi a, ou konn kijan yo fè yon alyans o Japon? Yo voye sèl youn sou lòt. Yo pran yon ti boutèy sèl, epi yo vin chita la, yo pale, “Èske w dakò fè tèl-e-tèl bagay?” “Ya, mwen dakò fè tèl-e-tèl bagay.” Apre sa yo fè yon alyans e yo pran sèl ke yo voye sou youn, paske sèl se yon bagay ki konsève, ou wè. Dakò. Yo voye sèl youn sou lòt, sa se yon alyans.

134 An Amerik, kijan nou gè yon alyans bò isi a, nou di: “Ebyen, èske w dakò pou fè tèl bagay?” “Mwen dakò pou fè tèl bagay.” E menm kote a, nou bay lanmen youn ak lòt, “Sekwe l” E sa se yon alyans.

135 Men, an Oryan, fason yo fè yon alyans, yo ekri yon bagay. E yo ekri yon kontra, e yo touje yon bèt, nan epòk Abraham. Yo koupe bèt sa ouvri l e yo plase yo nan mitan l; yo ekri kontra sa, e yo dechire l konsa. Youn pran yon pati, e youn pran lòt pati a. E apre sa yo fè sèman ke “kò yo ka tankou kadav bèt sa si yo pata respekte kontra sa.” E kounye a sèl fason pou kontra sa te ka janm...Ou pa t ap ka janm kopye l. Sa te dwe retounen jis egzakteman menm bagay la, lè yo jwenn ansanm.

136 Bon, poukisa Bondye t ap montre Abraham sa L ta pral fè? Ke Li ta pral pran Semans Abraham lan, atravè Izarak jiska Jezi, e Li ta pral dirije L sou Kalvè epitou la dechire L an mòso. Li te retire Espri a de Li, soti nan kò a, Li te resisite kò a ki te plase aladwat Majeste Anwo a, e L te voye Espri a tounen bay Legliz. Sa se alyans Bondye a, li te dechire L an mòso: nou gen Espri a, Li gen kò a. E kan yo tounen jwenn ansanm, Lespri ki te lan nou an jwenn

avèk Li antan ke Lepouz. Amèn. Pa gen okenn denominasyon ki akwoche ladan L ditou. Non, mesye. Sa pur san melanj, Nesans pa Sentespri. Se tou. Sa se alyans lan.

137 Bon, kounye a nou jwenn Li te di: "Mwen plase devan w yon pòt louvri." E mwen pa fè ka de kantite òganizasyon men lòm fè ki va vini, oswa denominasyon, menm pòt lanfè paka fèmen L. Gen yon sèl fason pou rete L, se fè pati de Li. Se tout. Ou pakab yon manb Sa, kifè ou dwe ne ladan L. Dakò. Kifè pa gen pèsonn ki ka janm stope Mesaj Divinite siprèm sa ak batèm lan Non Jezikri a. Pòt lanfè pa gen dwa janm ranpòte I kont L.

138 Ou va di: "Kijan w fè konnen ke se kòrèk?" Se egzakteman dapre Pawòl la, e okenn lòt paka di anyen kont Li. Egzakteman! Se Pawòl la. Pa gen okenn kote okenn moun te batize nan non "Pè, Fis, e Sentespri."

139 Gran Sen Pòl sa, anj Efèz la, te komisyone chak moun ki pat batize, pe enpòt jan w te batize, si w pat janm batize nan Non Jezikri, li te kòmande w vini pou rebatize ankò lan Non Jezikri. Li te di: "Si yon anj ta sot nan Syèl vin anseye yon lòt bagay, ke li modi."

140 Kifè ou ka wè sa anj k ap vini nan dènye jou sa yo, ki jan de Mesaj li pral genyen kan li va manifeste. Nou kapab ap prepare pou li. Men m ap di w, lè I va vini, li va preche batèm lan Non Jezikri. Si w pa kwè sa, vini demen swa e kite m montre w li atravè Lèzekriti. Li va fè sa sèten! Epi sikonsizon kè, ak mirak Divin, ak operasyon pwisans jis menm jan yo te genyen I a la Pannkot la. Benediksyon Pannkot orijinal la menm va retounen drèt pou ti restan sa pou pran I byen Iwen anwo a. Kontra sa va jis egzakteman tankou I te ye lè I te dechire premye fwa a. O, Mwen renmen Li! Mwen si tèlman kontan, tèlman kontan. M-m paka eksprime Sa ase fò. Mwen si tèlman kontan ke m ka di mwen se youn nan yo. Mwen si tèlman kontan!

141 Mwen jis swe ke tout frè m yo te ka konsa. Mwen jis swete ke m te ka gen frè m ak sè m yo la, zanmi presye m yo laba nan mond lan, pou yo ta wè gwo bagay y sa. Mwen--mwen--mwen ta renmen, mwen t ap dakò, aswè a, Bondye konnen sa. Mwen gen yon ti gason, Joseph, pou m elve; e yon tifi, Sara epi Rebeka, epitou yon madanm cheri mwen rayi pati kite I; men si m te konnen ke frè m yo la...moun mwen konnen lan mond sa, te ka aksepte Sa epi kwè L, e ranpli ak Sentespri, mwen t ap prè pou m ale kounye kounye a. Se egzakteman vre. Ou wè? O, si m te ka jis...e ou pa ka...Si w pale avèk janiyès, yo santi tankou w ap eseye mete yon bagay sou yo. E--e gen yon sèl bagay pou w fè, se rete jis avèk Pawòl la e anfonse I antre. E sa egzakteman vre, rete drèt avèk Sa. O, ala mwen renmen L!

142 Yon revelasyon de Pwòp Tèt Li, Divinite siprèm Li. Kisa, èske L te fè l? M jis paka elwaye de Sa, de tout fason. Li te revele I nan legliz la a Efèz. Èske se vre? E sa se te kan Limyè a te

premye pèse pou briye, Limyè Kretyen an. Èske se vre? Laj Sentespri a te kòmanse jis la a Efèz.

143 E pwofèt la te di: "Va gen yon jou ki va vini ki pap ni ni nwit ni jou, men o tan di swa Limyè a va retounen ankò." Ou wè li? Ou wè. Ou wè, jou sonb sa, te vin rive, tout onb sa (òganizasyon ak lòt bagay); men lan dènye jou yo la *isit la*, jouk anba la Li ta pral plase pòt louvri sa. Jezi di: "Mwen se Pòt sa."

144 Èske w te janm tande L di: "Mwen se pòt la. Mwen se chemen an, Verite a, e Limyè a"? Ou wè? Èske w te janm tande L di: "Etwat pòt la ye, e sere chemen an ye"? Èske w te janm remake kijan etwat sa ekri? D-e-t-w-a, dlo. Yon *detwa* vle di "dlo," ke w eple konsa. (D-e-t-w-a, ou wè.) *Etwat*, "chemen an se Dlo. E dlo sa se pòt la, e chemen sa sere." Kisa dlo a ye? Pòtay la, pòt la, Ou wè, pou louvri. "Lan Non Seyè Jezi se chemen an, atravè dlo a. Pòt la etwat, chemen an sere, sa..." Jezi..."pòt la se dlo, lan Non Seyè Jezi, antre."

145 "Repanti nou chak epi batize lan Non Jezikri pou padon peche nou e nou va resevwa, pandan n ap gade nan direksyon Kalvè, don Sentespri a. Paske pwomès la se pou nou ak timoun nou yo." (Genyen ladan yo ki te di: "Jis pou apot yo.") "Pou nou e pou timoun nou yo, e pou tout sa yo ki byen lwen, e menm pi plis ke Bondye Seyè nou an va rele." Se--se fini. "Kantite ke Bondye Seyè nou an va rele. Pwomès la se pou nenpòm moun, si w vini menm jan preskripsyon an li a. Se vre."

146 Piga w di: "Ebyen, m va glise a kote konsa."

147 Te gen yon nomm yon fwa ki te glise a kote, ou konnen, e ki te antre yon lòt fason. Èske w te konn sa? Èske w te janm li parabòl konsènan sa? Te gen yon nomm ki te fofile a kote e ki te antre lòt fason an. Bon, an oryan, kan yo--yo nan yon soupe nòs...Nou va reprann sa nan maten: nan Soupe Nòs la, jan nomm sa te antre la. Nou va eseye, pran sa nan maten. Mwen te sou pwen di I kounye a, men m ap kite I ale. Nan maten: kijan nomm sa te fè antre nan plas sa soti nan Soupe Nòs la...ou pito, pou Soupe Nòs la.

148 Dakò, "pòt la Etwat, chemen an sere." Dlo se pòt la, antre pou al jwenn Bondye Seyè a.

149 "Mwen te plase yon pòt tou louvri. Mwen gen kle yo. Men se sèl moun ki ka louvri I, Mwen se sèl moun ki ka revele I, Mwen gen kle yo." Èske se vre. "Pa gen moun ki ka vin jwenn Mwen sof si Papa M atire I, e tout sa ke Papa a ban Mwen va vin jwenn Mwen." Pèsonn moun paka sove sèlman atravè Jezikri. Pa atravè yon legliz, yon òganizasyon, yon evèk, pap jis atravè Jezikri. Li gen kle a, Li se sèl moun ki ka...Kle kisa? David. "Mwen gen kle David yo, Mwen va louvri pòt sa e pèsonn pap ka fèmen I. Pèsonn paka louvri I eksepte Mwen menm, e pèsonn paka fèmen I pou Mwen."

150 Kijan sa fè posib? Kijan yon moun fè paka konnen Li se Kris la jiskaske Li revele pwòp Tèt Li ba li? Ou wè, Li revele pwòp Tèt Li, Li gen kle a. Li ka louvri l oswa kite l frankil. Ou wè? "Mwen gen kle pou pòt la. Mwen se Pòt la, Mwen se Chemen an. Mwen se Laverite. Mwen se Limyè a." O, "Mwen se Alfa. Mwen se Omega. Mwen se Premye ak Dènye a. Mwen se Papa a. Mwen se Pitit la. Mwen se sentespri a. Mwen SE! Pa Mwen 'Te' oswa Mwen 'pral.' MWEN Se SILA KI YE A, sa--sa di tout bagay la. MWEN YE, pas Mwen 'te ye' oswa 'pral.' MWEN SE, sa vle di' prezans vivan pou Letènité." Ou wè, MWEN SE! Te toujou la, va toujou la, Mwen se kounye a sa M te toujou ye a e M va toujou la." Ou wè, Li--Li jis se MWEN YE!

151 Gen kle David yo pou wayòm lan, "pèsonn paka fèmen l." Vèsè 7 la pwouve sa, dakò, ke Li gen kle David yo, "Pèson paka fèmen!"

152 Bon ann wè sa pwochen bagay la ye, rapidman:

*...paske you gen yon tikras fòs,...*

153 O, Di ti gwoup ki anba la, "Ou gen jis yon tikras fòs kounye a." Kisa sa vle di? Jis menm jan ak yon nonm ki te mouri, ki te on jan sekwe kò l, vin vivan, reveye en pe, vin vivan. Ou fèk soti de vye credo mò sa yo ak tout bagay, ou kòmanse ap retounen gen vi on tikras, sekwe tèt ou, on jan de reveye tèt ou. "Ou gen yon tikras fòs, men mwen plase devan w yon you pòt kounye a." Menm kote yo te soti nan Literism ak zafè pap, ak tout lòt ism sa yo, epi--epi Metodis ak tout bagay, Li te di: "Mwen plase devan w yon pòt, kounye a ou gen yon tikras fòs, kisa w pral fè konsènan sa? Li plase devan w, ou ka mache antre ou soti, nenpòt sa w vle fè a. Pòt la plase devan w. Ou gen yon tikras fòs, fèk jwenn Lavi, ou jis kòmanse."

154 Kifè se te avèk legliz primitif. Remake alafen aj Lawodise, yo te retounen nan zèv ankò. Bon si w remake isit la, pou--pou montre ke legliz sa se ant de sa yo. Si w travèse antre nan aj Lawodise a, oswa Aj Legliz Lawodise a, "Mwen konn zèv ou yo," jis nan fen aj Lawodiwe a. Kisa sa te ye? "Zèv ou, ak twòn kot Satan ye." Kisa ki te twòn Satan an? Ou wè, te retounen drèt nan denominasyon ankò.

155 Nou menm Asanble de Dye, Pannkotis Initè, Eglise de Dye! O, èske w pa wè, frè, sa w te fè? Ou te retounen drèt nan bagay ke Bondye te rayi, kraze fratènité. Gade Asanble de Dye yo, kèk nan moun ki pi janti nan mond lan yo nan Asanble de Dye sa yo. Gade legliz Pannkotis Ini sa, jis ase kòrèk ke w pap janm rankontre nan vi w. Gade nan Legliz de Dye. E akoz de òganizasyon sa yo, yo gen lit ak kerèl, ap lite youn kont lòt, e ap rele youn lòt "chawon-y" e "twou rat." Ebyen, se yon dezònè!

156 Yon bagay Bondye rayi se "seme diskòd pami frè yo." E se vre. E òganizasyon sa yo se sa k fè l, ap seme diskòd pami frè yo. Nou ta dwe jete nou dan la brèch ap di: "Nou se frè!"

Nou pa divize

Nou se yon sèl kò

Youn an esperans ak doktrin, (doktrin Bib la.)

Youn nan lanmou.

157 M renmen ansyen chante sa, *An avan, Solda Kretyen*. Wi, mesye.

158 Nan fen Lawodiseyen yo, yo te retounen nan zèv yo ankò, oswa denominasyon Pannkotis yo te retounen nan denominasyon an. Ann pran vèsè 15. M te rive isi a: "Vèsè 15 nan Apokalips 3." E gade si se pa vre, kounye a. Apokalips 3, e-e...oswa ann wè, èske m te make sa byen. Apokalips...O, non, non, m-m te fè erè, vèsè 15. Se vèsè 15 la nan menm chapit sa a, li montre menm bagay la anba isi a. Ya, en-en:

M konn zèv ou tou, ke w pa ni frèt ni cho:...

159 "M konn zèv ou yo." Sa te montre yo te retounen nan premye bagay yo a ankò. Te retounen ak fòs yo epi yo te retounen nan denominasyon Pannkotis yo. Vèsè 15 la nan-nan menm chapit la. Trè byen.

160 Nan mitan de laj yo te pran on ti fòs, nan mitan de laj doktrinal denominasyonèl Nikolayit la. Bon, lè Literyen an isi a te fòme, te retounen nan Nikolayit la, granachevèk yo e latriye. Apresa Wesley vini, yo te fòmeachevèk Canterbury a ak tout diferan gran sa yo, sou tout sa a nan legliz yo e latriye nan-nan laj sa a. Apresa laba isi a nan Pannkotis la, yo retounen dwat nan menm bagay la ankò, tout gwo denominasyon yo, doktrin Nikolayit yo. Men nan mitan de laj sa yo Li te louvri pòt la epi bay legliz la on ti fòs pou gen revèy ase jouk li souke tèt li, gade lòtbò a epi wè kote I te ye a, pran revelasyon an. Vire, wè nenpòt bagay (frape endispoze, ou konnen), e premye bagay ou konnen, kòmanse souke tèt li epi vire gade epi souke tèt li.

161 An pasan, m t ap reve sou sa yè swa. Charlie, m te panse m te tire on ekirèy; te fese I atè nan manm li. Epi m te wè on madanm granmoun lòtbò a. O, si I te janm fache avè m, li t ap vin pran m. E ekirèy sa a te g on ti kòd blanch nan kou I. E ti bonnom sa a lonje la a epi te souke tèt li, de ou twa fwa, epi te gade m, epi I te pati ak tout fòs li, tounen dwat nan bwa yo.

162 Ou konnen, e madam granmoun sa a ta ka vle di legliz la. Pa vre? Li te eseye pile m, m t ale lwen l on fason. Epi...Men, o, jis on ti limyè, men ase pou konnen pou-pou...M konnen m te desann nan lari a epi l ta pral rache m anba la a, epi m te vire Ford mwen an tounen sitèlman rapid; Yo te g on trelè dèyè l, chavire tout bagay la, pati nan lòt direksyon an, anpeche l atrap mwen. Jis m te chape.

163 "Kounye a, ou g on ti fòs ki rete, kidonk ou vle sèvi a fòs sa pou vrèman fè van an vire nan mitan de denominasyon sa yo." Eske n te remake? "Kenbe Pawòl Li!" Gade pwochen vèsè a isi a kounye a:

...ou g on ti fòs, epi w te kenbe pawòl mwen,...

164 "Te kenbe Pawòl Mwen," se konsa yo te pran fòs yo. Se konsa yo te gen revelasyon yo. Sila ki te kenbe Bib la lè Luther te enprime Bib la, epi L desann nan laj Wesley a e latrье, yo te kenbe L la a epi te kenbe Pawòl la; epi yo te wè revelasyon Jezikri ki Bondye fèt chè nan mitan nou, e batèm dlo nan Non Jezi, kidonk yo t antre dwat ladan l. Men li. Apresa yo-yo pran Non L lè sa a. Ou wè? Poukisa, li jis klè tankou...pi klè pase li jounal. Ou wè? Jis...E w pa ka renye l, paske l isi a menm. Li te reprezante isi a menm nan Bib la, e men l isi a menm, e nou te gen...Se listwa. Se egzakteman kote legliz Pannkotis la te kòmanse epi pran non li, bò 1908, 10, 12, on kote nan la yo, li kòmanse tonbe.

165 Kounye a, trè byen:

...e te refize non an...pat refize non pa m.

166 Kounye a, m renmen sa. Te gen-gen kle yo pou David kounye a, Li ka kenbe Pawòl Li epi-epi mete w nan Wayòm lan. Non L te revele. Yo te soti nan legliz la ki te "on non ke yo te mouri," e kounye a yo t antre nan legliz ki gen Non an, ki se, gen Lavi. Ou wè? Soti nan moun mouri yo: "Papa, Pitit, ak Sentespri." Non "Papa, Pitit, ak Sentespri," ki pa menm fè sans. Ou wè, li bay la a pou on revelasyon. Tout Liv Li a te ekri sou revelasyon. Se sa l ye, Li revele Tèt Li.

167 Kounye a L te di: "Al batize moun yo nan Non Papa, Pitit, ak Sentespri," Matye 28:19. Kounye a, ak kilès nan non sa yo ou pral sèvi? Bon, pi fò nan moun triniteryen yo batize: "Non non Papa a, nan non Pitit la, nan non Sentespri a." Sa pa menm nan Lekriti. Mande nenpòt moun. Wè si se pa...Se nan *non* an, o sengilye, pa *non* yo. *Non!* Non Papa a ak Pitit la ak Sentespri a. Ou wè? Trè byen. Papa se pa on non; Pitit se pa on non; Sentespri a se pa on non. Kidonk kisa l ye? Yon bagay ki mouri! Pa g okenn non nan li. Men nan tit mouri sa yo...

168 Pa Lavi Kris la, li revele. E pyè dwe te gen...Li te kanpe la a menm ak kle Wayòm Syèl la nan men I, e Wayòm lan se Sentespri a; pandye sou kote I, kle Wayòm lan. Nan lòt mo, revelasyon an, paske Jezi te di I. O, frè, ou pa wè sa? Pyè te sila a ki te beni ak revelasyon Verite a. E men I te kanpe la menm, epi I te tande Jezi di: "Al fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan Non Papa a, Ptit ak Sentespri a."

169 Pyè te vire tounen epi di: "Seyè, se sèten m gen kle yo isi a. M gen revelasyon de sa sa te vle di, paske m konnen Papa pa on non, Ptit pa on non, e Sentespri pa on non, men m konn kisa Non sa ye." "Kidonk m batize w nan Non Seyè Jezikri a." Amèn. Fiouw! Se vre.

170 Kounye a, se jis tankou w t ap li on istwa lanmou. Epi w...Sa se dènye liv Matye a, dènye pati nan Matye. Si w te pran on istwa lanmou, kèk nan nou medam...M konnen nou pa fè sa, sèten nou pa tap fè sa; non, non. Ou wè? Men si n te fè sa lè n t on pechè, ou wè, nou te pran istwa a nan...ou konnen, lè n t on vyep ti fi, epi n te pran istwa sa a, epi di: "Jan ak Mari te viv nan kè kontan pou toutan." Huh! Kimoun ki Jan ak Mari? Bon, g on sèl fason sèlman pou w konnen kimoun Jan ak Mari ye, se, retounen nan kòmansman liv la epi li I. Èske se vre?

171 Ebyen, alò nan dènye liv Matye a, dènye vèsè a, ke Jezi te di: "Al fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan Non Papa a, ak Ptit la, ak Sentespri a, anseye yo pou yo obsève kèlkeswa sa M te kòmande yo." Bon, si-si Papa pa non, epi Ptit pa non, epi Sentespri a pa non, pito retounen nan premye Liv la. Ou wè? Kounye a, si n retounen nan premye Liv la, 1ye chapit Matye a, nou jwenn sa.

172 M ta jis renmen bay ti egzant sa isi a sou kont ke ta ka g on moun isi a ki pat janm wè I. Gade sa. Sa se Papa a, sa se Ptit la, e sa se Sentespri a. Kounye a, gade byen. Papa, Ptit, Sentespri. Se sa Jezi te di nan Matye 28:19. Èske se vre? Papa, Ptit, Sentespri. Kounye a, se kimoun sa a? Papa? Koute klas. Papa, Sentespri, Ptit. Kounye a, se kimoun sa a? Sentespri. Se kimoun sa a? [Asanble di: "Papa."—Editè a.] Se kimoun sa a? [Asanble di: "Ptit."] Ptit. Trè byen. Kounye a, se te Papa Kimoun? Jezikri. Èske se vre?

173 Kounye a, Matye, chapit 1 a, vèsè 28, ann li I. N ap pran istwa lanmou an kounye a epi wè tankou kisa sa li. N ap wè Kimoun-Kimoun Kanmarad sa te ye ke, de, ke L te di: "Al batize yo nan Non Papa a, ak Ptit la, ak Sentespri a." Trè byen. Kounye a, 1ye chapit Matye a kòmanse ak jenealoji yo:

*Liv non zansèt Jezikri ki te ptit ptit David, on ptit Abraham.*

*Abraham te papa Izarak;..Izarak te gen Jakòb;...*

174 Epi kontinye, kontinye, e kontinye, kontinye desann jouk li vin nan vèsè 18 la-la. Kounye a, ou wè, avanse desann isi a nan vèsè 17 la epi...

Konsa, *pran depi Abraham jouk nou rive sou David, te gen katòz jenerasyon.* *Pran depi David jouk nou rive lè depòtasyon ale lavil Babilòn...katòz jenerasyon;* epi...*Pran depi lè depòtasyon ale lavil Babilòn jouk rive sou Kris la, te gen katòz jenerasyon.*

Kounye a nesans Jezikri te fèt nan bon konprann sa a: *Lè...manman I Mari te fiyanse avèk Jozèf...*

175 Èske n ap li dèyè m? Koute byen:

*...Lè...manman I Mari te fiyanse avèk Jozèf,...li te vin twouve / ak on...anvan yo te antre nan kay ansanm, li te vin twouve / ak on pitit pou Bondye Papa a.*

176 Èske sa li kon sa? Te twouve l ak on pitit pou kisa? [Asanble di: "Sentespri An!"—Editè a.] Ebyen, m te panse on moun te di sa a se te Papa Li. Bon, si Sentespri a se yon sèl moun, e Papa a s on lòt moun, alò L te gen de papa. Kisa n genyen? Yon pitit ki pa lejitim. "O," ou te di: "li...yo te jis glise epi yo te f on erè nan enprime la a." Trè byen:

*E Jozèf, mari I la, te yon nonm jis...pa...e pat vle fè eskandal ak sa. Li te vle kase fiyansaj la san bri san kont.*

*Men pandan li t ap kalkile sou sa yo, men, zanj Seyè a te parèt devan li nan dòmi. Zanj lan di li: Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit I ap pote a se pou...[Asanble di: "Sentespri!"]*

177 "Tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen." Ou wè? En-en. Sentespri a te Papa L. Ebyen, Li te di "Bondye" te Papa L. Kounye a, si yo se de moun differan, kilès ki te Papa L? Ou wè kote w met tèt ou. Ou jis pandye tèt ou deyò a menm, nan mitan lè ki nan mitan an. Ou wè? Kounye a, ou dwe di ke Sentespri a se Bondye Limenm! Se Sentespri a, ki se Bondye. (Kounye a, ou gen de kounye a, olye w gen twa.) Trè byen.

178 Trè byen, vèsè 21:

*...pitit I ap pote a se pou...(Kimoun ki mete...Kimoun ki te Sila a Ki fè l ansent sa a? Sentespri a. Trè byen.)*

*E li pral fè yon pitit gason. Wa rele I (Non) Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo.*

*...tou sa pase konsa,...Kounye a tou sa pase konsa, pou pawòl Seyè a te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l te di:*

*Men li, on vyèj pral ansent on timoun, li pral fè yon pitit gason, e y a rele non / Emannwèl...ki vle di...Bondye avèk nou.*

179 Kisa k te Non L? Kounye a, kimoun ki Jan ak Mari ki te viv nan kè kontan pou toutan? Kisa k Non Papa a, Pitit la ak Sentespri? Lè Jezi te fèt sou latè, Li te Kris Seyè a. Nan sikonsizyon L lan (ui jou apre) manman l te ba L Non an e papa L te ba L Non “Jezi” a. Li te Jezikri, Seyè Jezikri a, lè sa a.

180 Li te Seyè! Lè L te fèt, Li te Kris Seyè a. Epi lè L te resevwa Non “Jezi” L la, sa te fè L vin Jezikri Seyè a. Se egzakteman sa ki te revele bay Pyè, li te konnen kimoun Jan ak Mari te ye lè L te di: “Al batize nan Non Papa, Pitit, Sentespri.” Kidonk, sa te ka revele paske Jezi te konnen ke Pyè te gen don revelasyon an, Li te konnen, paske sa te déjà revele ba li pa Lespri anwo a. E lè Bondye wè nom sa a ka resevwa revelasyon ki sot anwo yo, Li ka fè nom sa a konfyans, f on bagay avè l; lè sa revele ba li, paske L te di: “Pyès moun pa ka revele sa esepte Papa Li.” Bondye se sèl Sila a Ki ka revele sa, e Li te konnen Pyè an...te an kontak ak Lespri a. Kidonk li...

181 Pyè te konn revelasyon an, e apresa l te monte la a epi l te di: “Repanti, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou.”

182 Kounye a, jis kèk jou anvan sa, Jezi te di Pyè, (Menm moman lè L te di l Kimoun revelasyon an te ye: “Se sou wòch sa a M ap bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè yo pap ka domine kont Li.”), “E M di ke w se Pyè, e M ap ba w kle yo.” O! “Kle Wayòm lan! M ap ba w kle yo. Kèlkeswa sa w mare sou latè, M ap mare l nan Syèl. Sa w lage sou latè, M ap lage l nan Syèl.”

183 Alò nan Jou Pannkot la, nan inogirasyon Legliz la, dis jou apre Jezi te di: “al batize nan-nan Non Papa a, Pitit, ak Sentespri,” Pyè pa revelasyon espirityèl te konnen pat g okenn bagay tankou non “Papa, Pitit, Sentespri.” Ebyen, pyès lòt moun pat panse sa jouk laj Katolik la. E chak moun ki te batize nan non “Papa, Pitit, ak Sentespri” se nan lafwa Katolik li batize an reyalite, (se vre) pa nan batèm Kretyen. Men te gen...rès moun yo.

184 Kounye a, nan Jou Pannkot la, yo tout te ranpli ak Sentespri a, e t ap pale an lang e-e aji tankou yo te sou. E yo te sou, yo te sou anba nouvo Diven. Nouvo Diven a ki sot nan Syèl, soti nan Kanaran anwo. E lè yo tout t ap rele epi pale fò epi aji tankou yo te sou e latriye, Pyè te kanpe nan mitan yo epi te di yo ke “Yo pat sou, men yo te-yo te...Se te sa ke pwofèt la te di ki t ap rive a, ‘Li t ap vide Lespri Li.’”

185 E Kounye a yo-yo te di: "Mesye ak frè yo, kisa n ka fè? Mesye ak frè yo, kisa n ka fè?" Sa se kesyon an. "Kijan n ap fè genyen L? Kimoun ki gen kle yo?"

186 "Vin isi a, Simon. Ou gen kle yo, rale yo sou kote w. Epi kisa w pral di? Kounye a sonje, Jezikri te di: 'Si w mare I sou latè, M ap mare I nan Syèl. Si w lage I sou latè, M ap lage I nan Syèl.' E si L se Bondye, Li dwe kenbe Pawòl Li."

187 Kounye a, noumenm prêt Katolik yo, montre m "padon peche" nou an. On prêt Katolik te di m on fwa, te di: "Èske Jezi pat di: 'Moun n a padone peche yo, ya resevwa padon pou yo'?"

M di: "Li te di sa."

"Moun n a kenbe peche yo, y ap kenbe yo pou yo'?"

"Ya."

"Sa se nenpòt moun ou padone, yo padone; nenpòt moun ou pa padone, yo pa padone."

M di: "Se sa L te di kòrèkteman."

Li di: "Alò èske Kris pat bay Legliz Li, ke nou se Legliz Li, pouvwa pou padone peche yo sou latè?"

188 "Se sèten L te fè I." M di: "Bon, si w va padone yo menm fason ke yo padone yo, M pral avè w." Ya. M di: "Kijan yo te padone yo? Èske yo te di yo: 'Ale f on nevèn' oswa on bagay, oswa fason nou fè a?"

189 Non, mesye. Pyè te di: "Repanti!" Amèn. Men kle a: "Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo, epi n va resevwa don Sentespri a." Kle a te fè "klik" sou latè, e I te fè "klik" nan Syèl. Se Sa.

190 Se pou rezon sa a lè Pòl te rankontre kèk ki te deja batize pa menm moun ki te batize Jezi a, li te di: "Èske n te resevwa Sentespri a depi n te kwè?"

Yo te di: "Nou pa konn si te g on Sentespri non."

Li di: "Pou kisa..." Ou pran mo Grèk ou a, te di: "Kijan n te batize?"

Yo di: "Nan Jan."

Di: "Sa pap mache ankò. Syèl la te fin fenmen. Ou dwe vini; pou w batize nan Non Jezikri."

191 Kidonk yo te tande sa, yo te rebatize ankò nan Non Jezikri. E lè yo te fè I, Pòl te mete men I sou yo, Sentespri a te vin sou yo, yo te pale an lang epi pwofetize.

192 O, frè, sa se tounen nan kòmansman an. Se egzakteman. Sa se “pòt louvri” ki te regle isi a menm. Jeografikman se vre, Limyè aswè yo, ak chak Ekriti nan Bib la kondwi dwat ladan I.

193 Nou te ka kanpe isi a pandan plizyè èdtan, e m gen tan pou kenz minit ankò, e apeprè trannsenk (35) kòmantè diferan pou m fè isi a. E si n pa, n ap pran yo nan maten si n pa pran yo aswè a. Trè byen.

194 Kounye a, trè byen:

...e pèsòn pat fèmen /; paske w g on ti fòs, epi w te *kenbe pawòl mwen*,...(Trè byen.)...e pa refize non *mwen*.

195 Men n genyen I la a! “Pa refize Non Mwen.” Non te revele, t al lwen ansyen denominasyon Sad ki te mouri an, e te vin nan Lelgiz vivan an.

196 Kounye a ann pran vèsè 9 la. Kounye a, n ap gade kounye a, n ap vin nan on bagay ki trè danjere:

*Men, M ap fè sila yo ki fè pati sinagòg Satan an, bann mantò sa yo ki di yo se jwif, men ki pa jwif; men, M ap fè yo vin adore devan pye ou. Se pou yo rekonèt se ou menm mwen renmen.*

197 G on bèl nwit plen, la menm. Gade! Kisa yo ye kounye a? Sila ke L te pale avè yo, ki te jwenn Non L apre tout tan sa a isi a anba *isi a*, antre nan “Pòt louvri” Jezikri a (gen Pawòl Lavi a, te ranpli ak Sentespri a), e kounye a Li te di: “Gen sila yo nan mitan nou ki nan sinagòg Satan an.”

198 Kounye a, frè m, si nou ta jis vle tounen nan-nan Pègam, nan Apokalips 2:13, jis on minit, epi kite m jis montre nou isi a kisa sa vrèman ye: denominasyon an.

*Mwen konnen zèv ou yo, ak kote ou rete a, menm kote Satan chita a:...*

199 Men li. Lawodise sa a...oswa, m vle di laj legliz Nikolayit sa a kote yo te pran denominasyon. Epi gade, pou montre yo t on legliz, on sinagòg, on legliz, on legliz denominasyon. O, frè! “Sinagòg Satan an.” Alò, zèv denominasyon an sot nan dyab la! Pa Kretyen yo, kounye a, sonje, yo se Kretyen, men denominasyon an limenm. Trè byen.

200 Kounye a, èske n remake ke L te di: "Nou gen sila yo nan mitan nou ki di yo se 'Jwif,' men nou te jwenn yo se mantè."

201 Kounye a, sonje, gran zanj lan...Kounye a a kisa l ap pale? Dènye legliz sa a, pòt louvri sa a nan mitan de legliz yo.

202 Kounye a, premye laj legliz la te pran ansèyman nan men kimoun? Pòl. Kounye a ann al nan Women 2:29 epi wè sa on Jwif ye, kidonk konsa nou va sèten pou n konnen se-se pa pwòp panse pa m sou li. Women chapit 2, ak vèsè 29 la, nan Women. Trè byen, men li:

*Jwif ki jwif tout bon, se moun ki jwif nan kè yo. E sikonsizyon se...ki make kè moun, ak nan lespri a, e pa nan sak ekri a; Iwanj li se-pa soti nan...Iwanj li pa soti nan men moun, men nan men Bondye.*

203 Kisa k on-kisa k on Jwif? Yon Kretyen ki ranpli ak Lespri, Sentespri! "M konnen ke w anba isi a apre laj sanktifikasyon sa a ki di yo 'gen Sentespri a,' men se li k te di sa, m pa jam fè l." Yo te di yo te gen Sentespri a san siy k ap swiv, men Li te di: "Yo s on mantè." "Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè." Pa ka fè L bay manti. O, frè! Sa fè w avèg, nan tout viwonn lan. Ou wè? O la la!

*M ap...Men, M ap fè sila yo ki fè pati sinagòg Satan an, ki di yo se Jwif, ("Ki di yo se 'Kretyen ranpli ak Lespri,' di; sinagòg la, òganizasyon an. M ap fè yomenm ki di yo te 'gen Sentespri a'; epi tout òganize-te òganize anwo la a. Yo potko menm gen revelasyon an!" Ou wè? Trè byen.)...M ap di... sila yo ki di yo se Jwif (se Kretyen), men ki pa jwif, bann mantò sa yo; men, M ap fè yo...vin adore devan pye ou. Se pou yo rekonèt se ou menm mwen renmen.*

204 Isi a menm li t ap jis koupe pawòl mwen nan mesaj maten an. Sa se vyèj k ap dòmi a isi a menm. Nou pa ka wè li? Kilè sa te ye? Nan fen tan an. O, lè yo te soti. Men la a...Ou wè? Yo jistifye pa lafwa, sanktifye. Jistifye nan mesaj Luther a, sanktifye nan *isi a*, men yo rate "Pòt louvri" a. Ou wè li? Jistifye pa lafwa, nan Luther; sanktifye, nan laj Wesley a.

205 Anpil nan Nazareyen presye sa yo, Pèlren Sentete, Metodis Wesleyen, e latrìye, yo tout viv yon vi ki bon, pwòp, sanktifye, epi panse l te gen Sentespri a; epi tande on kanmarad pale an lang, oswa on bagay, y ap griyen dan sou li, pran plezi sou li, epi di: "Sa soti nan dyab la." Frè, ou sele kondanasyon w lè w te fè sa. Ou te blasferme Sentespri a, ki pa padonab.

206 Ebyen, ou di: "Nou fè pati Premye legliz la." Ki mele m konbyen legliz ou fè pati. Sa pa g anyen pou wè ak Pawòl Bondye a, epi "pa retire ni pa ajoute." Se vre, "Sinagòg Satan!"

207 M espere m pa fè nou mal. Mwen-m jis rayi pale kon sa, men gen-g On Bagay anndan m ki motive m pou m fè l. M pa konn poukisa m fè l. Ou konnen m pa renmen fè sa. M jis santi tankou m tèrib lè m di sa, men poutan m dwe di l. G On Bagay anndan la a ki fè m di l. M te toujou rayi rache fanm yo, mwen-m santi m sitèlman...On fanm ka kriye, epi m jis santi m tèrib. M-M jis rayi rache fanm yo, men g On Bagay anndan la a ki fè m fè l. Ou wè? Yon fanm imoral (Ooo, gason!), M jis pa ka sipòte sa. Paske, g On Bagay anndan ki fè m fè l, Sentespri a.

208 Epi m gade isi a nan Pawòl la, m panse: "Seyè, si m nan lerè, montre m li. Pa kite m fè sa jis pou m ale kon sa. Moun yo pap...M pap...M renmen moun, Ou konnen m renmen yo. Pa kite m blese pèsòn, Bondye, Ou konnen m pa t ap fè sa."

209 Men Sentespri a leve epi di: "Kanpe sou Pawòl la! Rete la! Rete la a menm sou Pawòl sa a!"

210 Epi m di: "Wi, Seyè. Si l...Ou se meyè Zanmi m. Ou se sèl moun mwen...Ou se vrè Zanmi m ki pral...Sèl Moun k ap ede m lè lavi sa a ap disparèt, alò m ap ret avè W menm lè sa a, Seyè."

211 Men mwen. M pa vle blese, tanpri pa pran m mal lè m ap rache òganizasyon sa yo ak bagay sa yo. Anvan menm ke m te konn anyen sou sa, tout vi m, m te rache l. M pat janm kwè l, se pou rezon sa m pat vle branche avè l. Epi...Trè byen. Mèsi Bondye poutèt Li kenbe m lwen li!

Men, M ap fè yomenm nan *sinagòg Satan*, ki di yo ranpli ak Lespri, *men ki pa sa; men...mantò; e M ap fè yo vin...adore devan pye ou,...*

212 Èske nou pa sonje vyèj k ap dòmi a lè l te leve? Kounye a, sonje, kisa yo te rele l? Gen dis nan yo ki te soti pou rankontre Lemarye a. Èske se vre? Senk te saj, te gen Lwil nan lanp yo. Konbyen moun ki konnen kisa lwil vle di nan Bib la? Lespri. Bon, youn pa ta ka di: "Ou pa sanktifye, e m pa..." Yo tout te sanktifye, chak nan yo. Tout sanktifye; men senk te saj ase (pou gen sajès revelasyon an) pou atrap Pòt sa a, ou wè, pou yo ranpli ak Sentespri a. Yo te gen Lwil nan lanp yo, epi lòt yo pat g okenn Lwil. E lè yo te leve, pouki, men yo vin jwenn yo, te di: "O! O! Ban m enpe nan Sentespri w la, Lwil. Ban m enpe!"

213 Te di: "Ya, eskize, sè, m jis gen ase pou tèt pa m. Se sèten m pa g anyen an rezèv."

214 Kidonk...e pandan...Li te di: "Al lapriyè." E pandan yo te pati al achte enpe, Lemarye te vini epi yo t antre nan Soupe Nòs la; e yo te rete san, kote yo prale nan Peryòd Tribilasyon an de...Gade jis nan de ti vèsè an plis, ou pral wè yo kontinye ale dwat nan peryòd Tribilasyon an. Ou wè?

215 Kounye a, k ap dòmi an...N ap pran sa a nan maten. Ya, m kwè sa t ap on tikal miyò si n te ret tann sa a, paske n ap rive isi a kounye a jis a tan, dakò, pou n fini.

216 Kounye a ann wè:

Men, M ap...

Yo te twouve yo ke yo te mantè, ke yo pat gen Sentespri a.

217 Jis on ti bagay isi a, tanpri, pandan nou tout ansanm. Jida Iscariot, jan m te di yè swa, te ptit gason pèdisyon an. Bib la te di: "Li te fèt ptit gason pèdisyon an." Apresa lè l...Epi Jezikri te fèt Ptit Bondye a. Alò, Bondye te viv nan Kris. Pa vre? ...Satan te viv nan Jida. Si L te Ptit Bondye a, fet Ptit Bondye a, Ptit Bondye enkane a; alò Satan te fèt ptit gason pèdisyon an, li te enkane a...ptit gason pèdisyon an, Satan, dyab la.

218 Kounye a, si n remake, li te met tèt li ansanm *ak* Jezi, epi l vin youn nan yo. Ou wè? Kounye a, rezon ki fè l te fè sa, se te pou pran blòf sa a pou l te ka vin nan jou sa a nan legliz la. Kounye a, Jezi te di: "Sinagòg sa yo soti nan Satan." O la la! Èske sa te frape? Yo se sinagòg Satan! Sa se Jida k ap pretann li s on Kretyen.

219 Kisa k te bagay prensipal Jida a? Se te lajan. Pi gwo atirans nan anpil bagay sa yo jodi a se lajan. Gade Asanble Bondye yo, y ap bati on bildin similyon dola bò isi a, epi y ap anseye "Seyè a ap vini touswit." "O, bonb yo nan anga yo pou fè nou eksplode," epi y ap bati on bildin similyon dola. O la la. Ebyen, yo rich e yo gen bezwen...N ap pran sa demen swa, kounye a, si Seyè a vle.

220 Kounye a remake isi a. O, gade kòman legliz yo gwo, gwo òganizasyon sa yo. Yo sanble lajan yo ansanm epi...O, mizèrikòd! Yo jis vin milti-milya...yo menm gen finans, asosiyasyon pou prete nan mitan yo, epi tout bagay. Ap prete lajan ak bagay, legliz yo. Frè, sa pa sonnen tankou apostolik pou mwen.

221 Pyè te di: "Mwen pa gen ni lajan ni lò. Men, sa m' genyen an..." Ban m Sa a, epi pran tout lajan w. Se vre. "Mwen pa gen ni lajan ni lò. Men, sa m' genyen an, m'ap ba ou li. Nan non Jezikri..." Se sa l te genyen, revelasyon L lan. "M ba ou li. Nan non Jezikri, leve ou mache."

222 Trè byen, kounye a nou dekouvri isi a ke yo te "sinagòg Satan." Kounye a, kijan yo te ka sa? Kounye a, Jida lè l vini...Kounye a gade! Jis apeprè lè ke Jezi vini sou sèn lan, Jida vini sou sèn lan. Nou remake sa? Epi jis apeprè nan lè Jezi te soti sou sèn lan, Jida te soti sou sèn lan. Jis apeprè lè Sentespri a retounen sou sèn lan ankò, Jida tounen sou sèn lan. Lespri antikris la, pou travay, timoun dezobeyisans yo tou, ki pa okipe Bib la, men ki okipe denominasyon an-an. Ou wè? Epi yo te fè on sinagòg pou tèt pa yo! E Jezi te di isi a: "Se

sinagòg Satan an.” Ki kote? Chita anba nèt nan laj sa a *isi a*. Kòman I te kòmanse anvan *isi a*? Pa on òganizasyon. Se menm bagay li te fè anvan *isi a*. “On sinagòg Satan.” Nou konprann li?

223 “Sinagòg Satan an,” Li di: “Yo di ke yo ranpli ak Lespri.” Kounye a, kijan yo ka di sa?

224 Jida, lè I te isi a sou latè a, li te rankontre Jezi, li te fon konfesyon ke I te on kwayan nan Jezi, e I vin trezorye a, ap ranmase tout kòb la. Se pa vre? Nou tout konn sa. Bon, si I te kwè nan Jezikri, li te asepte (san se pat vre) jistifikasyon. Se pa vre? Nan Women 5:1: “Se pou sa antan nou jistifye pa lafwa.” Se vre. Trè byen.

225 Kounye a, on lòt bagay, nan Sen Jan 17:17, Jezi te sanktifye yo nan Laverite, Li di: “Pawòl Ou se Laverite,” e Li te Pawòl la.

226 E L te ba yo pwisans kont lespri sal yo; pou y ale epi pou yo gen sèvis gerizon, epi chase demon yo, e-e fè tout kalite mirak. Epi lè yo retounen, Jida te avè yo...Kounye a gade, Nazareyen, Metodis Wesleyen! Yo retounen, ap rejwi, nan lajwa, ap louwe Bondye, epi ap rele paske demon yo te soumèt anba yo. E Jezi di: “Pa rejwi poutèt demon yo soumèt devan nou, men rejwi nou paske non nou ekri nan Liv Lavi a.”

227 E sonje Jida te youn nan yo! Wè, li te ka twonpe legliz la jiska la a. Li te travay nan sans sa a, ou konnen, men lè sa rive nan Pannkot li te montre koulè I. Se egzakteman sa I te fè nan Primitif la, nan legliz Metodis la, e sa I fè nan legliz Luteryen a, e sa I fè nan legliz Nazareyen an, ak Legliz de Dye yo e yomenm, jiska nan sanktifikasyon; lè sa a rive nan batèm Sentepri pou pale an lang, e pou gen siy ak bèl mèvèy, yo te kondane Sa a.

228 Yo pral swiv wout gerizon Divin pou ou. Sèten, Jida te fè I tou. Wè? Men lè...G anpil gerizon Divin. Yo sou wout la jodi a, frè, yo kanpe pandan dezèdtan epi yap di: “Rekòt ou ap boule si w pa ba yo senkant (50) dola pa nwit, chak.” E tout kalite bagay sa yo, sa se dyab la. Sèten se sa I ye. M kwè; nan gerizon Divin ak tout kè m. Men bagay sa soti nan dyab la, absoliman, sa soti nan dyab la. Ki mele m konbyen w ka fè, oswa konbyen an plis; Jida te chase demon, tou.

229 Jezi di: “Anpil ap vin jwenn Mwen nan jou sa a, yap di: ‘Seyè, Seyè, Mwen...èske m pat chase demon nan Non W epi fè zèv pwisan?’”

230 Li di: “Si w te fè sa, M pa konn anyen sou sa. Wete kò nou sou mwen, noumenm ouvrye inikite, M pat konnen nou.” Sèten.

231 O, frè: “pòt la etwat, e chemen an difisil, men ap gon tikras kap jwenn Li.” N ap pale de “tikras” sa a paske nou nan dènye laj la kote I dwe jis on tikras. Resewwa L, tanpri, frè m yo!

232 Pa panse ke m kanpe isi a...M ta pito...Si se te pou mwen, m t ap-m t ap... Pou mwenmenm, m te ka fè konpwomi ak tèt mwen e di: "Ann pran Asanble de Dye yo epi kèk mouvman, ann jwen yo e ale avè yo." Men, O, frè, malè a mwenmenm si m fè sa! Malè a mwenmenm! M konn pi byen pase sa. Bondye t ap voye m nan lanfè poutèt m fon bagay konsa. Wi, mesye. Si m gen kèk...M dwe sele temwayaj mwen ak vi m, m jis gen pou m sele l, se tou. Paske gon Bagay nan mwen, m pa ta ka fè sa plis pase anyen nan mond lan.

233 M konnen sa se Laverite, e m dwe kanpe kote sa k Verite a, e Bib la konfime L. Òganizasyon an kont Li, men Bib la di Li vrè. "Se pou pawòl chak moun s on manti, epi Pa L la vrè." Sa se Laverite, se Sa, jis ret ak Sa a.

...fè pou tèt yo...*sinagòg Satan* an,...(Trè byen)...E yo va konnen...vin nan pye w, epi...*konnen ke M*...te *renmen* w.

*Paske w te kenbe pawòl pasyans mwen, Map kenbe w tou nan lè tantasyon an,...*

234 Gade kounye a, pou montre se pa de laj Metodis la m ap pale, poutan, se pwolonjman an. Gade! Èske n pare pou n tandé? Tout moun? Koute byen kounye a:

*Menm jan ou te kenbe pawòl pasyans mwen an, konsa tou, m'a kenbe ou, (ti rès moun sa a) m'a pwoteje ou nan lè tantasyon a, lè...*

235 Legliz la ap rive n on plas kote w ap dwe antre nan òganizasyon sa a oswa-oswa yo...yo pral-yo pral fè w goute, frè. Se tou. Se swa ou pral òganize oswa pran mak bét la, oswa pran...Se swa ou pral òganize l, oswa antre nan denominasyon an (ki an reyalite ap vin mak bét la), paske son boykòt. Wè?

...*vin sou...sa pral vin sou tout latè a. Se va yon gwo eprèv pou yomenm ki abite sou latè.*

*Men, Ma pral vini byen rapid. Kenbe sa ou genyen an fèm pou personn pa wete kouwòn ou nan men ou.*

236 Kounye a gran "tantasyon" sa a, lè tantasyon an ki va vini pou epwouve lemonn antye, pral nan Tribilasyon an. N ap wè l jis nan kèk minit. Kontinye nan Tribilasyon an, e Tribilasyon an pat vin nan épòk Wesley a. Alò nan ki laj nou ye? Poukisa "Pòt" sa ouvri? Se ant Wesley ak ...kote legliz la pran direksyon kounye a menm, e li deja ladann, pou laj Lawodise. Men ti plas sa a *isi a menm*, pandan dènye trannsenk (35), karant (40) an yo, se t on "pòt louvri" ki enstale dwat devan moun yo pou yo antre, epi Bondye ap pran Rès Moun yo epi sele L. Epi yo prale vin tyèd epi L pral vomi yo sot nan bouch Li. Travay la pral koupe kout, Legliz la ap

monte, epi men antikris la ap vanse pou destrikson. Jis pafè, sa a koresponn ak tout Bib la tout kote. Trè byen, kounye a.

237 E men aparision vyèj k ap dòmi a tou. Isi a pwouve ke dènye nan laj legliz yo vin enstale nan premye pati Pannkot la, paske yo antre nan Gran Tribilasyon an ki pral vini...ki pat vini nan laj Wesley a.

238 Vèsè 11, trè byen: "on kouwòn Lavi." Vèsè 11 la-la di:

*Men, Ma pral vini byen rapid...(Kisa? Byen rapid apre sa kounye a, ou wè.)*

*Men, Mwen...kenbe sa ou genyen an fèm (kenbe avè l), pou personn pa wete kouwòn ou nan men ou.*

239 Kisa k on "kouwòn"? Kisa k on kouwòn? S on-s on- s on...*Kouwòn* vle di ke w "gen-g on teritwa." Ou s on wa si w kouwone. Ou wè? E nou se ptit Bondye lè n kounwone ak Lavi Etènèl, epi teritwa nou se latè: "Fè nou vin wa ak prèt pou n' sèvi Bondye." Èske se vre. Kidonk men li.

240 E nan Nouvèl Jerizalèm lan, kijan ke wa yo sou latè a menm, pote glwa yo nan Vil la la a. O, sa mèvèye! An...si nou vle pran sa. Ou wè, jis klere takou zetwal, kouwòn yo. E Danyèl 12:3 bay on gran, gwo deskripsiyon sou li, si n ta renmen ekri l. Petèt nou gen tan pou pran l jis pou kèk minit. Ann pran Danyèl, sa l di isi a, nan chapit 12 Danyèl la. Trè byen. Ann kòmanse nan premye a, chapit 12 la:

*E lè sa a, Michaèl va...(Ou wè? O, nou konn kimoun sa ye!)...va...kanpe, gwo prens ki kanpe pou ptit pèp ou a. Se pral yon tan kè sere, (Kisa l ye? Touswit apre sa. Tribilasyon!)...tankou moun pokò janm wè depi te g on nasyon jouk nan menm tan sa a. Lè lè a va rive, tout moun ki fè pati pèp ou a epi ki gen non yo ekri nan liv la, va sove.*

*Anpil nan moun ki te mouri déjà yo pral leve vivan ankò. E gen ladan yo ki pral jwi lavi ki p'ap janm fini an (kouwòn lan). Gen lòt ki pral wont, yo pral soufri avilisman ki p'ap janm fini an.*

*E moun ki gen lespri yo pral klere tankou limyè nan syèl la. E moun ki te moutre jan pou moun mache dwat yo va tankou zetwal pou tout tan tout tan.*

241 O, frè, men "Kouwòn" ou, kouwòn glorye Lavi Etènèl sa! On kouwòn Lavi Etènèl.

242 Vèsè 12, byen rapid anvan nou...E m panse nou pral isi a apre sa a alò.

*Sila ki va genyen batay la, M'ap fè I tounen yon gwo poto nan tanp Bondye m lan,...*

243 Kounye a nou pral pase sa rapid paske m an reta depase prèske senk minit. Men ou ka dòmi on ti bout demen maten, pa vre? Manman, kite I dòmi. N ap leve trè byen, men lon jan difisil pou Papa leve. Men jis kite I dòmi jis on tikal. Soti dousman, fè kafe pou li, oswa kèlkeswa sa I pran, e lap de bon imè.

*Sila ki va genyen batay la, M'ap fè I tounen yon gwo poto nan tanp Bondye m lan,...*

244 O, ann jis pran I mo pa mo jis pou on minit. Èske n ap sipòte m on ti kal, jis on ti moman? M konnen fè cho, e nou konnen fè cho anlè isi a tou. Men annou wè:

*...M'ap fè on...Sila ki va genyen batay la, M'ap fè I tounen yon gwo poto nan tanp Bondye m lan,...*

245 “Poto.” On *poto*, oswa on “fondasyon.” Fondasyon nan tanp Kay la, oswa Kay Bondye a. “*Tanp Bondye m lan*,” oswa: “*Kay’ Bondye m lan*.” S on *poto*, fondasyon an. Sila yo se sa yo ki te pran Pawòl ke yo te tande a (nan vèsè 8), epi te retounen nan fondasyon an.

246 Kounye a ann pran Efezyen 2:19, nan legliz Efèz la. Ou konnen, nou dwe retounen nan Efèz, se te kòmansman an. Pa vre? Trè byen, ann retounen nan Efèz kote Pòl te ye a, legliz li te tabli a. E ann wè kounye a kote n ye. Trè byen, legliz Efèz la. Ann retounen kounye a epi wè kisa fondasyon sa ye anvan la a, epi wè kisa Pòl te di sou fondasyon an anvan nan premye laj legliz sa a la a. Kounye a I ap pale ak Efezyen yo:

*Se sak fè, nou pa etranje ankò, ni moun ki depasaj. Men, se sitwayen nou ye ansam ak sen yo, e nou fè pati fanmi Bondye a.*

*E nou bati sou fondasyon de...*

(Literyen, oswa de-oswa de Batis la...Bon, tann, m mele, pa vre? Uh-o.)

*Men bati sou fondasyon apòt yo ak pwofèt yo te poze a, men se Jezikri menm ki gwo wòch nan kwen an ki kenbe kay la kanpe a.*

247 Tout bagay t antre nan Pòt la, Jezi! “E sila ki genyen batay la M ap fè I vin on poto.” Nan lòt mo, on pati nan fondasyon an. “Kisa M ap ba li? M ap met nan li Doktrin apot yo ak pwofèt yo depi nan kòmansman, epi ba I Revelasyon an.” Kisa pwofèt yo te di sou Li? Li te Konseye, Prens Lapè, Bondye Tou Pwisan, Papa k ap toujou dire a. Se sa yo te di, pwofèt yo, apot yo. “E sila ki ka genyen batay la kont tout sinagòg Satan sa yo, kenbe tèt li lib epi gade

dwat nan Pòtay la, M ap fè I vin on poto, M ap retounen I nan fondasyon Pawòl Mwen an nan Kay Bondye M lan.” O la la! “M ap mete I la menm nan poto sa a, nan fondasyon kote w rete dwat nan Pawòl la.” Amèn. M renmen sa, frè, Li bon. M ka aji dwòl, Mwen...men m santi m byen. Trè byen.

*...fè I on...Sila ki genyen batay la...fè I tounen yon gwo poto nan tanp Bondye m lan. Apre sa, li p'ap janm soti:...*

Kisa sa ye? Si I s on poto, li pap soti ankò. Li se Epouz la! Se vre.

248 Jan laj Efèz la te genyen I, tankou Pòl te anseye yo nan Ak... Kounye a, tann on minit. Si w ap vin on poto...M g on lòt Ekriti isi a m te vle pran pou ou anvan nou rive nan Epouz la. Kounye a, si I ap vin on poto, w ap retounen nan Efèz, w ap retounen nan laj sa Pòl te ye a. E Pòl, zanj Efèz la, ki te kòmansman legliz la, fondasyon an, li te aneye yo: “Si yo te batize nan nenpòt lòt non apa de Non ‘Jezikri,’ yo te dwe batize ankò.” Se vre, Ak 9, oswa 5:19, oswa 19:5, pito. Nan Galat 1:8, li di: “Si yon zanj te anseye yon lòt bagay, madichon pou li.”

249 Yo te Epouz la tou ki te nan tanp lan. Kounye a ann pran Apokalips chapit 7 la, wè si yo te Epouz la, Apokalips chapit 7.

250 Kounye a, m ta ka, mwen-mwen...N ap pale isi a, de rès moun Izrayèl la, sankarannkat mil (144 000), e ensidswit, men ann-ann jis sote sa jis on tikal epi desann isi a apeprè nan vèsè 12 la. Di, s on reyinyon pannkotis la a! Sa se moun ki te...o, ou wè...Ebyen, n ap kòmanse isi a nan vèsè 9 la paske premye an se pou Izrayèl, epi te gen sankarannkat mil nan yo ki te sele, ke n ap rive ladann demen.

*E...Apre sa yo mwen gade ankò, mwen wè yon gwo foul moun. Pesonn pa t' kapab konte kantite...*

251 Kounye a, sonje, soti 4 rive 8 se Izrayèl, ki te enik yo, gadyen tanp lan. Ou wè, n ap pran I nan maten, si Bondye vle. Kounye a, Li sele la a, tout douz tribi yo. Nan tribi Juda, Li te sele douz; Riben, Li te sele douz; nan Gad, Li te sele douz; epi Levi; ak Zabulon; ak Benjamin, douz. E konbyen tribi ki gen nan Izrayèl? [Asanble reponn: “Douz.”—Editè a.] Ebyen, kisa douz pa douz bay? Sankarannkat mil (144 000). E yo tout te pitit Izrayèl; Jan te konnen yo, yo chak, li t on Jwif.

*Apre sa..mwen wè yon gwo kantite, ke Pesonn pa t' kapab konte kantite a (Men Moun lot Nasyon yo ap vini.). Se te moun tout lòt nasyon...tout kalite ras,...lang. Yo te kanpe la devan Bondye, ak... ti Mouton an. Yo te gen rad tou blan sou yo, yo te gen fèy palmis nan men yo.*

252 Sa se pòv kreyati sa yo anvan lòtbò a, ki te mouri (epi Lyon maje yo, ak tout rès la) pou Levanjil Sentespri sa a ki te kontinye ap koule ak san. Milye fwa milye de timoun piti ak tèt yo kraze nan lari yo, ak tout lòt bagay, men yo kanpe! Rad blanch sou yo, ak fèy palmis nan men yo. O la la!

*E yo t'ap rele byen fò, yo t'ap di: Se Bondye nou an ki chita sou fòtèy la. Se li menm ansanm ak ti Mouton an ki vin delivre nou.*

...Le sali pou Bondye nou an ki chita sou fòtèy la...pou ti Mouton an.

*E tout zanj yo kanpe, yo fè yon wonn, yo mete fòtèy la, granmoun yo ak kat bét...yo nan mitan yo...lage sou yo...lage kò yo atè devan fòtèy la, yo bese tèt yo byen ba pou adore Bondye,*

253 Koute, si n pa panse sa se t on reyinyon pannkotis:

*Yo t'ap di, Amèn: Benediksyon,...glwa,...sajès,...rekonesans,...onè,...pouvwa,...fòs, tou sa pou Bondye nou an pou tout tan. Amèn.*

254 Fiouw! On dirè ke yo te g on reyinyon kan la a, pa vre? En-en.

*...yonn nan granmoun yo ki-ki te reponn, te mande mwen,...oswa, ki t ap di m: Moun sa yo ki gen rad tou blan sou yo a, ki moun yo ye? E ki bò yo soti?*

“Kounye a ou s on Jwif, ou te konn tout douz tribi yo. Kounye a, kimoun sa yo ye? Ki kote yo te soti? Yo te gen rad blan sou yo, ki kote yo te soti? Pa tribi Benjamen yo ak lòt yo. Kimoun sila yo ye lòt bò isi a?”

255 Epi Jan te tèlman...?...

*...Mwen reponn li: Mesye, Se ou menm ki konnen wi. (“Li-Li pran m! Mwen-mwen...” Ou wè?)...Epi li di mwen: Se moun ki te sot anba gwo tribilasoyon yo. Yo lave rad yo, yo blanchi yo nan san ti Mouton an.*

Paske...Se poutèt sa, yo kanpe la devan fòtèy Bondye a, (andedan Kay la) e lajounen kou lannwit y'ap sèvi li nan tanp lan. Moun ki chita sou fòtèy la ap toujou la avè yo.

(Sanble yo te vin grangoun on tikal, pa vre?) Yo p'ap janm grangou, (Glwa!) ni yo p'ap janm swaf dlo. Ni solèy, ni okenn lòt gwo chalè p'ap kapab boule yo, ankò.

*Paske, ti Mouton ki nan mitan fòtèy la va ba yo manje. E...La mennen yo nan sous dlo. Se Bondye menm ki va siye... tout dlo nan je yo.*

Men Li; men Epouz la. O la la! Ala bèl! Epouz la!

256 Ann wè kisa L te di isi a kounye a, konsa nou sèten nou pap manke sa kounye a, 12 la:

*Sila ki genyen batay la va on poto nan tanp Bondye m lan, e...pap janm soti:...*

Epouz la ki kanpe la ak Lemarye. O!

257 O, o, si n te ka gen tan pou pran sa m gen (se pou liv la lòtbò a); la nan Apokalips, li di ke: "Tout wa sou latè pote lonè yo ladan I." Se tankou...(nan tip) tribi Levi a: tout rès ladan yo te peye dim yo ba li, ou wè; sot n on novo lalin al n on lòt, on saba al n on lòt, yo te monte pou adore. Al on jou sa pral ye! Trè byen. "E m ap..." Ann wè, "Pap janm soti." Trè byen:

*...yon gwo poto nan tanp Bondye m lan,...e M'a make non Bondye m lan sou li,..*

258 Kounye a, kisa k Non Bondye a? Jezi. Si w vle note I (Li on ti jan ta), "Jezi!" Efezyen 3:15 di: "Nan Syèl ak sou latè, tout bagay rele Jezi," ou wè. Trè byen. Trè byen, kounye a. Trè byen:

*...ak non lavil Bondye m lan, ki se novo Jerizalèm lan, k'ap desann sot nan syèl la, bò kot Bondye m lan: M ap make sou li...(O! Si nou wè, tout se menm Non an, nou ta dwe kapte I deja. Ou wè? Ou Wè?)...M'ap make sou li...non lavil Bondye m lan,...*

259 "Vil la." Li kontinye e I di: "ki se Nuevo Jerizalèm lan." Ou wè, Nuevo Jerizalèm lan. "M ap make sou li Nuevo Jerizalèm lan." Kounye a, Epouz la, oswa Legliz la, se Nuevo Jerizalèm lan. Konbyen moun ki konn sa? Legliz la pou tèt pa I se Nuevo Jerizalèm lan. Nou kwè sa?

260 Ann jis pwouve sa. Apokalips 21, m panse I ye, la a men sa m vle. Trè byen, ann tounen gade isi a konsa nou ka montre nou. Bib la di: "Pwouve tout bagay," ou wè. Kounye a, Apokalips 21. O, koute sa a ok...sa a...koute sa a, nou vle wè kisa novo Vil Li a (Non Bondye a) ye.

*Apre sa, mwen wè yon lòt syèl ak yon lòt latè. Premye syèl la ak...premye latè a te disparèt. e pa t' gen okenn lanmè ankò.*

*Apre sa, mwenmen Jan wè lavil sen a, Jerizalèm nèf lan, ki t'ap desann soti bò kot Bondye ye nan syèl la. Li te byen abiye, li te pare tankou yon lamarye ki pral kontre mari li.*

261 Nouvo-nouvo Legliz la se Legliz Moun lòt Nasyon yo, Epouz la s on Moun lòt Nasyon, e Moun lòt Nasyon an gen Non Li. Li te pran on pèp soti nan Moun lòt Nasyon yo poutèt Non Li. Nou kwè sa?

262 Si n pa kwè I, vire nan Ak 15:14 epi chache konnen. Ak 15:14, si n vle tounen ladan I jis on segonn, epi nou pral...apresa nou pral...Ak chapit 15 ak vèsè 14 la, m kwè n ap jwenn li. Kounye a, nou jis prèske pare pou fenmen. Ak 15, ak vèsè 14 la:

*Lè yo fin pale, Jak pran lapawòl, li di: Mesye ak Frè m' yo, koute mwen.*

*Simon fèk esplike nou ki jan, depi nan konmansman, Bondye te pran swen moun lòt nasyon yo pou l' te ka chwazi nan mitan yo yon pèp ki pou pote non li.*

En-en. Trè byen, men Li. O!

263 Bon m panse ke se apeprè tout sa ki rete, e kounye a n ap fenmen, nap di ke sa se Li.

*...e M'a make non Bondye m lan sou li, ak non lavil Bondye m lan,...*

Ki se menm bagay lan: Jezi, Jezi, Jezi. E Epouz la te marye ak Jezi, sa fè I vin Madam Jezi; e ensidswit, ou wè.

264 Gen kèk famm trè bèl nan bildin sa a aswè a, trè bèl, men g on sèl nan yo ki pou mwen, li gen non m. M espere nou konprann sa a. L ap pote non m, se konsa Epouz *Li* pral fè. Trè byen:

*...M'a make non Bondye m lan sou li,...ki se Nouvèl Jerizalèm lan, k'ap desann...oswa, lavil Bondye m lan, ki se Nouvèl Jerizalèm, k'ap desann sot bò kot Bondye...sot nan syèl la bò kot Bondye m lan. M'ap make lòt non mwen an sou li tou.*

265 Pito m kite sa trankil, pa vre? Trè byen. Remake, "li" la a se sengilye. Kouye a si n va retounen nan Apokalips 2:17 jis on minit, jis pou revize l jis on segonn:

*Se pou moun ki gen zòrèy pou li tandem tandem sa Lespri a ap di legliz yo. A moun ki va genyen batay la, m'a ba li manje lamàn ki kache a. M'ap ba li yon ti wòch blan ak yon lòt non ekri sou wòch la, yon non pesonn pa konnen esepte sila ki resevwa l' la.*

266 Èske n pa renmen L? Èske L pa mèveye?

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li renmen m anvan

E Li te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

267 Ou konnen, m renmen chante nan Lespri a apre on reyinyon kote nou gen tranchan sa a ak tout bagay. E ou menm? O, ala m renmen randre nan Lespri a apre sa a. Pawòl la! Ou wè, Pawòl la tonbe kounye a, kounye a sèl bagay Li bezwen se enpe imidite. Ou wè, kèk Iwanj, apresa Li kòmanse grandi, ou wè. O, èske n pa renmen L? Ann leve men nou epi chante sa a:

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li renmen m anvan

E te Li rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

268 O, ann jis bese tèt nou epi di: "Papa, nou renmen W. Nou renmen W. O, jan nou renmen W! Nou jis di W mèsi, tèlman, Seyè. O, pòv kè imen nou-nou yo pa ka eksprime sa nou santi andedan nou, pou kòman W te lave nou nan Pwòp San W. Nou te etranje, Seyè. Nou-nou te renmen bagay lemonn yo, e nou tout-tout te gaye deyò a nan bagay lemonn yo, epi W desann pa gras Ou epi W lonje men sen ki presye W yo desann nan labou peche ke n te ye a, Ou eli nou, Ou chwazi nou, Ou lave nou, Ou netwaye nou, Ou mete on Lespri nèf nan nou, epi Ou mete afeksyon nou yo sou bagay anwo yo. Jan nou renmen W, Seyè!

269 Nan laj sedui sa a, pa g anyen lòt nan mond lan ki rete pou nou, Seyè. Pa g anyen k rete nan mond lan, li-li-li nan fen tan an. Nou wè pa Bib la, tout laj yo t ale. Kounye a nou nan fen an, n ap pati trè byento. Sa pap pran lontan jouk Jezi ap vini. O Bondye, mete dife nan kè nou, pa kite n ret trankil. M panse, kisa gran Sen Pòl t ap fè si l te isi a aswè a epi l te wè bagay yo fason yo ye a? Kòman ke l...Nonm sa, yo t ap mete l nan prizon anvan douvanjou, li t ap deyò a isi a ap di moun yo pou yo pare pou vini Seyè a.

270 Nan lè sa a, Seyè, gen anpil malad paske men mouchwa yo isi a epi rekèt yo lonje isi a. M priye ke W va geri chak nan yo, Papa. Nou konnen sa s on pati nan ministè W la ke W pwouve san fòt ke se Laverite: "siy k ap swiv kwayan an." Yo te pran mouchwa ak tablye sot sou kò Pòl epi yo te voye yo bay malad yo; e lespri enpi yo se soti sou yo, e yo te geri paske moun yo te kwè nan Bondye vivan an. Akòde l ankò aswè a, Papa, antan mwen remèt yo nan men W, nan Jezikri.

271 E kounye a, Seyè, m priye ke W va pran nanm nou nan men W, lave nou, pase nou, paske L te di Ou t ap "vini pou on Legliz san tach ni rid." Kite fè cho Sentespri a retire tout rid yo sou nou, epi n ap pandye pare pou vini Fis de lòm lan.

272 Kounye a, Papa, nou priye ke benediksyon W yo poze sou nou. Adore avè nou, Papa. Nou adore W. Nou kanpe aswè a e nou ba W kè nou. Nou...[Pati blanch sou kasèt la—Editè a.]